ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№85-86 (23.900) ● 2019 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIэщыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Зыпэрыт IэнатIэм щаIэ ехъулIэныгъэхэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр яфIэщын Урысей Федерацэм СледствэмкIэ и комитетым СледствэмкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лэжьакIуэхэу мы къыкIэлъыкIуэхэм:

**Бекъул Рустам Хьэбас и къуэм** - СледствэмкIэ IуэхущIапIэу Налшык къалэм щыIэм и унафэщIым

**Маржэхъу Мурат Алиуэс и къуэм** - СледствэмкIэ IуэхущIапIэу Прохладнэ районым щыIэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м*
*№55-УГ*

● ЗэIущIэ гуапэ

# IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр мы гъэм диплом плъыжькIэ къэзыухахэм вэсэмахуэ еджапIэ нэхъыщхьэм ахэр щратыжащ. Абы теухуа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек, КъБР-м и Правительствэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ и органхэмрэ я лIыкIуэхэр.**



ЗЭХЫХЬЭР щIимыдзэ щIыкIэ, КIуэкIуэ Казбек зыщиплъыхьащ еджапIэм и Агрономие факультетым, ар щагъэгъуэзащ студентхэр зэрырагъаджэ Iэмалхэм, пщIэншэу зэрагъашхэм. КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр епсэлъащ еджапIэм щIэтIысхьэн папщIэ а махуэм экзамен зытыну къэкIуахэми. КIуэкIуэр къыщызэтеувыIащ КъБКъМУ-м и ректору щыта Жырыкъуэ Борис и фэеплъым и деж, иужькIэ яхыхьащ еджапIэр къэзыуххэм.

Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр цIыху миным нэблагъэм къаухащ, абыхэм ящыщу диплом плъыжьыр къахьащ 173-м.

- Нобэ ди гуапэу дынывохъуэхъу еджапIэм и егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэта, къыщIэдгъэкI ди студент нэхъыфIхэм. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, абыхэм я ехъулIэныгъэхэр зи фIыщIэр университетым и егъэджакIуэхэм я закъуэкъым, щIалэгъуалэм сыт щыгъуи зыкъыщIагъакъуэу я щIыбагъ къыдэт адэ-анэхэми абы я гуащIэ хэлъщ. Сыхуейт дэтхэнэми фIыщIэ хуэсщIыну, IэщIагъэлI нэс къахэкIыну дызыщыгугъ щIэблэ гъэса къызэрагъэтэджам папщIэ, - жиIащ КъБКъМУ-м и ректор **Апажэ Аслъэн** зэхыхьэр къыщызэIуихым.

Ректорым КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ хуищIащ, къазэрыхуеблэгъар къыхигъэщу, икIи дыщIигъуащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэми илъэс 25-рэ и пэкIэ абы щыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр агромелиоративнэ институткIэ зэджэу щыта а еджапIэм хадэхэкIрэ жызумрэ гъэкIыныммкIэ и къудамэр къиухауэ зэрыщытар. «Дыщогугъ нобэ къыщIэдгъэкIхэми дызэрыгушхуэн IэщIагъэлIхэр къахэкIыну, я щIэныгъэмкIэ республикэм хуэщхьэпэну», - пищащ Апажэм.

**КIуэкIуэ Казбек** щIалэгъуалэм щехъуэхъум жиIащ университетым егъэджакIуэфIхэр зэриIэр, ныбжьыщIэхэм я студент гъащIэр гъэщIэгъуэну, купщIафIэу къызэрыщызэгъэпэщам арэзы укъызэрищIыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнур елъытащ ди IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIым. ЕджапIэ нэхъыщхьэм фыщIэсыху зэвгъэгъуэта щIэныгъэмрэ зыIэрывгъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ я щыхьэтщ нобэ къыватыж дипломплъыжьхэр, - жиIащ КIуэкIуэм. - Си гуапэу сынывохъуэхъу фи мурадхэр къывэхъулIэну, лъагапIэщIэхэм фынэсыну. Дыщогугъ КъБКъМУ-р къэзыуххэм республикэм и зыужьыныгъэм фи къару ефхьэлIэну, жылагъуэ гъащIэми жыджэру фыхэтыну. ЩIыналъэм и экономикэр езыгъэфIэкIуэну IэщIагъэлIхэр тхуэзыгъэхьэзыр егъэджакIуэхэми фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт.

ЩIалэгъуалэм ехъуэхъуащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэрым къегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Ткачёв Евгений**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ - КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министр **Говоров Сергей**, КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Къумыкъу Iэуес**, КъБР-м Профсоюз IуэхущIапIэхэм я зэгухьэныгъэхэм я унафэщI **Амщыкъуэ ФатIимэт** сымэ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБР-м, АР-м, Осетие Ипщэмрэ Ищхъэрэмрэ щIыхь зиIэ я артист Хъыжьрокъуэ СулътIан, КъБР-м и цIыхубэ артист Текуев Амур, КIыщхэ Ислъамрэ Каринэрэ, еджапIэ нэхъыщхьэм и къэфакIуэ гупхэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.
2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ К. В. хуегъэхьын, Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.
3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м*
*№1102-П-П*

Намыгъэса ухуэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэблэгъэкIыным е нэгъуэщIу къыщыгъэсэбэпыным пыщIа Iуэхухэм хэплъэныр къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м* *Налшык къалэ* *№107-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм намыгъэсауэ щыIэ ухуэныгъэхэм я инагъымрэ куэдагъымрэ гъэмэщIэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын:

намыгъэса ухуэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэблэгъэкIыным е нэгъуэщIу къыщыгъэсэбэпыным пыщIа Iуэхухэм хэплъэныр, абыхэм я учётыр къызэригъэпэщыну, а лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкI щIыкIэр, абы намыгъэса ухуэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэм я реестрыр тхынри хэту, щыубзыхуа положенэр къищтэну;

щыIэ хабзэхэм тету, намыгъэса ухуэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэм ятеухуа информацэр «Проект IэнатIэ зэгуэт» автоматикэ информацэ системэмрэ «Управленэ» къэрал автоматикэ системэмрэ ирилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм яхуэгъэувын:

намыгъэса ухуэныгъэу езыхэм я балансхэм итхэр, апхуэдэу абыхэм я унафэм щIэт предприятэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я балансхэм итхэр щIэпщытыкIыныр къызэрагъэпэщыну;

намыгъэса ухуэныгъэу езыхэм я балансхэм итхэм, апхуэдэу абыхэм я унафэм щIэт предприятэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я балансхэм итхэм я инагъымрэ бжыгъэмрэ гъэмэщIэным хуэгъэза ведомствэ планхэр къащтэным;

намыгъэса ухуэныгъэу езыхэм я балансхэм итхэр, апхуэдэу абыхэм я унафэм щIэт предприятэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я балансхэм итхэр зэрыщIапщытыкIам кърикIуахэм ятеухуа информацэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм иратыну.

3. ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм чэнджэщ етын:

намыгъэса ухуэныгъэу щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я балансхэм итхэр, апхуэдэу абыхэм я унафэм щIэт предприятэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я балансым итхэр щIэпщытыкIыныр, абы кърикIуахэм ятеухуа информацэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм етыныр къызэрагъэпэщыну;

намыгъэса ухуэныгъэу езыхэм я балансхэм итхэм, апхуэдэу абыхэм я унафэм щIэт предприятэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я балансхэм итхэм я инагъымрэ куэдагъымрэ гъэмэщIэным хуэгъэза планхэр къащтэну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм теухуа Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м къыдигъэкIа унафэ №152-ПП-мкIэ къищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 6-м и 6.25-нэ пункт къуэдзэм абзац дэщIыгъужын, мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу иту:

«намыгъэса ухуэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэр зэрызэблагъэкIым, нэгъуэщIу къызэрагъэсэбэпым пыщIа Iуэхухэм хэплъэныр къызэгъэпэщынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ органым.»;

б) пункт 7-м и 7.6-нэ къуэдзэм абзац дэщIыгъужын, мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу иту:

«намыгъэса ухуэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэр учёт щIынымрэ абыхэм я реестрыр тхынымрэ;

намыгъэса ухуэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэм ятеухуа информацэр «Проект IэнатIэ зэгуэт» автоматикэ информацэ системэмрэ «Управленэ» къэрал автоматикэ системэмрэ илъхьэныр».

5. Мы унафэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Бэлэтокъуэ В. Хь.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм шыщхьэуIум и 17-м къыдигъэкIа Унафэ №156-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м* *Налшык къалэ* *№121-П-П*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Никъуэдыкъуэхэр гъащIэм хэзэгъэжын папщIэ зыхуей техническэ IэмэпсымэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ» 2016 гъэм шыщхьэуIум и 17-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №156-ПП-м хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**




# Лъэпкъым и набдзэ

**Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Горький Максим и цIэр зезыхьэ щыIэ Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэсищэрэ тхурэ ирокъу.**

ЦIЫХУБЭМ фIыуэ ялъэгъуа КIыщокъуэ Алим и IэдакъэщIэкIхэм адыгэ, союзпсо, дунейпсо литературэхэр ягъэбеящ. Абы и «Бгыщхьэ хужьым укъеплъыхмэ» повестыр, «Щынэхужьыкъуэ», «Кхъужьыфэ», «Нал къута» романхэр, усэ телъыджэхэр ди зэманым поджэж икIи нобэми щIэупщIэшхуэ яIэщ.

КIыщокъуэ Алим усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэу зэрыщытам къыдэкIуэу, жылагъуэ лэжьакIуэ пэрыту, жэуаплыныгъэ зыпылъ къулыкъухэр иIыгъыу къэгъуэгурыкIуащ, и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуащ. Аращ къэрал дамыгъэ куэд къыщIыхуагъэфэщар, цIыхум я гум фIыкIэ къыщIинар.

**«Адыгэ псалъэ» газетым и нобэрей къыдэкIыгъуэм и 4 - 5-нэ напэкIуэцIхэр хухэтхащ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъум.**

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Европэ псом къахэплъа адыгэлI

**Илъэси 190-рэ ирокъу адыгэлI гъуэзэджэ Хьэшыр Чылар Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ и щыгум зэрынэсрэ. ЦIыхухэм ящыщу япэу а Iуэхугъуэр зыхузэфIэкIар ауращ икIи абыкIэ и цIэр тхыдэм къыхинащ.**



ХЬЭШЫР Чылар теухуа тхыгъэ куэд ди газетым иужь илъэсхэм адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къытохуэ. Ар Iуащхьэмахуэ и щыгум япэу зэрыдэкIуеям ехьэлIа дэфтэр, гукъэкIыж, усэ, романым щыщ пычыгъуэхэр, нэгъуэщI тхыгъэ зыбжанэ «Адыгэ псалъэм» теддзащ, ди электрон къыдэкIыгъуэхэми хуэфэщэн увыпIэ щаIыгъщ. А Iуэху щхьэпэм дяпэкIи мызэ-мытIэу къытедгъэзэжыну ди мурадщ, илъэсипщI дэкIмэ щыIэну юбилеишхуэм дыхуэкIуэу.

**Ди газетым и нобэрей къыдэкIыгъуэм и 3-нэ, 6-нэ, 8-нэ напэкIуэцIхэри хухэтхащ лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум: 1829 гъэм и мыпхуэдэ махуэхэм ящыщ зым Европэм и Iуащхьэ нэхъ лъагэ дыдэм тету япэу щIым къеплъыхащ адыгэлI. Ар тщыгъупщэ мыхъун, дызэрыпэгэн, щIэблэм къахуэдгъэнэн хуей телъыджэщ.**

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

**8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

# Мырзэ Резуан «Спартак»-м щоджэгу

● ХъыбарыфI

**Мырзэ Резуан хагъэхьащ Урысей Федерацэм и футбол командэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэ (абы нэхърэ нэхъыбэрэ ди къэралым и чемпион хъуа щыIэкъым) Мэзкуу и «Спартак»-м. Абы папщIэ мэзкуудэсхэм еврэ мелуани 3,5-рэ иратащ адыгэ щIалэр иджыри къэс зейуэ щыта «Ростов»-м.**

МЫРЗЭ Резуан и цIэр иужь лъэхъэнэм урысей футболым фIыкIэ щыIуащ. Ар Бахъсэн къыщалъхуащ, и ныбжьыр илъэс 26-м итщ. Топ джэгуным Налшык зыщыхуигъэсащ, ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэм хэту зэрыджэгуар зы зэIущIэ закъуэщ. АдэкIэ и насыпыр къыщилъыхъуэу ди къэралым и щIыпIэ куэдым къыщыщIидзащ. Иужь илъэситхум ар хэтащ премьер-лигэм щыджэгухэу Мэзкуу и «Торпедо», Грознэ и «Тэрч» (иджы «Ахмат), Ленинград областым и «Тосно», «Ростов», Тулэ и «Арсенал» командэхэм.

Нобэм ирихьэлIэу Дон Iус Ростов и командэм еящ, ауэ бэджэнду абы иритри, Тулэ и «Арсенал»-м 2018 - 2019 гъэхэм я зэхьэзэхуэм щыджэгуащ. Адыгэ щIалэм зыкъомкIэ и фIыгъэщ зэи къэмыхъуауэ а гупыр Урысей Федерацэм щынэхъыфIхэм ящыщ зы хъуауэ Европэм и Лигэм мыгувэу зыкъыщигъэлъэгъуэну Iэмал зэригъуэтар. Аращ ди къэралым и командэ къыхэхам мазэ ипэкIэ щIрагъэблэгъари.



Мэзкуу и «Спартак»-м и тренер нэхъыщхьэ Кононов Олег и унафэм щIэту Мырзэ Резуан зэIущIи 8 Тулэ щригъэкIуэкIауэ аращ, ауэ, IэщIагъэлI цIэрыIуэр къалащхьэм ирагъэблагъэри, куэд дэмыкIыу ди лъахэгъур здишащ, абы и зэфIэкIыр здынэсыр ещIэри.

Гуапэщ адыгэ щIалэм лъэбакъуэщIэ урысей футболым зэрыщыхичар. Сыти жыIи, зэфIэкI лъагэ зиIэ икIи сыт щыгъуи утыкушхуэхэм ит Мэзкуу и «Спартак»-м ухэту ехъулIэныгъэ инхэр зыIэрыбгъэхьэну нэхъ тыншщ. Дыпэплъэнщ Мырзэ Резуан и текIуэныгъэщIэхэм.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

● Май щIыналъэ

# Хэкупсэу ягъасэ

**КъыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу гъэсэным теухуа лъэпкъ проектым гъуэгу егъуэт.**

«ДИ IУЭХУЩIАФЭХЭМ я нэхъыфIыр - Хэкум» фIэщыгъэм щIэту къыхалъхьа мы Iуэхур щаублащ Май къалэм дэт курыт еджапIэ №5-м. ЗэIущIэм хэта еджапIэ унафэщIхэр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ гъэ еджэгъуэщIэм къыщыщIэдзауэ илъэсыр икIыху ирагъэкIуэкIыну Iуэху нэхъыщхьэхэм.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум тегъэщIауэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ драгъэкIуэкIынущ Хэкур фIыуэ лъагъуным щIэблэр къыхуезыджэ зэIущIэхэр, зауэ тхыдэм и напэкIуэцIхэр къызыхэщ литературэмакъамэ, сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр. Май щIыналъэм и курыт школхэм, библиотекэхэм я лэжьакIуэхэм, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ управленэм и лIыкIуэхэр хэту ирагъэкIуэкIа зэIущIэм апхуэдэу щаубзыхуащ еджапIэ къэс лъэпкъ проектым зэрыхэувэну Iуэхугъуэхэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет



# Я лэжьэкIэм арэзы къэщI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт комиссэм къипщытащ шэч зыхуащIхэмрэ ягъэкъуаншэхэмрэ я хуитыныгъэхэр къызэрагъэсэбэпыф щIыкIэр.**

КОМИССЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прокуратурэм, КъБР-м и Iэтащхьэм и деж жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм защIэгъэкъуэнымрэ зегъэужьынымкIэ, цIыхум и хуитыныгъэмкIэ щыIэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ уполномоченнэм и аппаратым, КъБР-м и Жылагъуэ-кIэлъыплъакIуэ комиссэм я лIыкIуэхэмрэ республикэ МВД-м и лэжьакIуэхэмрэ. Къэпщытэныгъэм хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым и унафэщI Туменов Мурадин.

Комиссэм махуитIкIэ иригъэкIуэкIащ и лэжьыгъэр: шэч зыхуащIхэмрэ ягъэкъуаншэхэмрэ пIалъэкIэ щаIыгъхэм я щытыкIэм еплъащ, яубыдахэм епсэлъащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м иIэщ шэч зыхуащIхэмрэ ягъэкъуаншэхэмрэ пIалъэкIэ щаIыгъ административнэ тезыр зрагъэпшынхэм яхуэщIа щIыпIэхэр ИВС-хэм я плъырхэмрэ фельдшерхэмрэ махуэ къэс щIоупщIэ зыгъэпIейтей щыIэмэ, я узыншагъэр къапщытэ, абы кърикIуахэр медицинэ журналхэм иратхэ, фельдшерыр щымыIэмэ, дэIэпыкъуэгъу псынщIэм и гупым и дохутырым къызэпеплъыхь. Камерэхэр къабзэщ.

Комиссэм хэтхэр зэпсэлъахэр псори Урысей Федерацэм и цIыхущ. Абыхэм упщIэ 21-рэ иратащ я хуитыныгъэр къызэрагъэсэбэпым, зэрагъашхэм, медицинэ хуэIухуэщIэ зэрагъуэтым теухуауэ.

ЗэупщIа цIыху 36-м ИВС-мрэ ОВД-м и IыгъыпIэ хэхахэмрэ я лэжьыгъэр тэмэму къалъытащ, я хуитыныгъэхэм теухуауэ тхьэусыхафэ ямыIэуи жаIащ.

***КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Тезырыр ягъэткIий

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм къыщIагъэщащ газ зэрыкIуэ бжьамийм езыр-езыру къытригъэзэжу къыхэзышахэр. Нэхъапэм ахэр административнэ жэуапым ирашэлIауэ щытащ.**

АБЫХЭМ ящыщщ Александровскэ станицэм и Надтеречнэ уэрамым тет унэм щыпсэу цIыхубзыр, и лъапсэм езыр-езыру газ езышэлIар.

Каменномост къуажэми къыщыщIагъэщащ илъэс 45-рэ зи ныбжь цIыхухъум и унэр къытрагъэзэну газ бжьамийм пищIауэ.

Ещанэр къыщыхъуар Лашынкъей къуажэращ, Тхьэзэплъыж зэкъуэшхэм я уэрамым тет, илъэс 30 зи ныбжь къуажэдэсым и унэр газ кIуапIэ бжьамийм зэрыхуейуэ пищIащ, .

Хабзэм ебэкъуахэр нэхъапэм административнэ жэуапым ирашэлIауэ щытащ УФ-м и КоАП-м и 7.19 статьям ипкъ иткIэ (электро, хуабагъэ къэзыт, щIыдагъэ е газ кIуапIэхэм щхьэзыфIэфIыгъэкIэ зыпыщIэн икIи къэгъэсэбэпын).

УФ-м и УК-м и 215.3 статьям къыщыгъэлъэгъамкIэ ягъэкъуаншэхэу, хабзэр къызэпызыудахэм ехьэлIа уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Абыхэм илъэситI тезыр тралъхьэнкIэ мэхъу.

**УАРДЭ Жантинэ.**

● Налшык къалэ

# Русланрэ Алимрэ зэпеуэм я лауреатщ

**Иджыблагъэ екIуэкIащ Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и IэнатIэм (УИС) и лэжьакIуэхэм художественнэ самодеятельностымкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ. ТекIуахэм я гала-концертым хэтащ КъБР-м щыIэ УФСИН-м и лэжьакIуэхэри, - къет Управленэм и пресс-IуэхущIапIэм.**

УРЫСЕЙ ФСИН-м и щIыналъэ IуэхущIапIэ 20-м и творческэ гупхэу зэпеуэм щытекIуахэм, лауреат хъуахэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Омск дэт къэрал Музыкэ театрым. КъБР-м щыIэ УФСИН-м и цIэкIэ концертым хэтащ IуэхущапIэм и ИК-3-м и мафIэс частым и лэжьакIуэхэу Газаев Русланрэ Джантудуев Алимрэ. Ахэр «Эстрадный вокал» зэпеуэм и лауреат хъуащ. Абыхэм ягъэзэщIащ «Зовут меня в Балкарию» уэрэдыр (псалъэхэр Къэшэж Иннэ, макъамэр Къашыргъэ Билал яйщ).

- Мыпхуэдэ фестивалхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ, абыхэм гупхэр зэкъуагъэувэ, лэжьакIуэхэм Iэмал ярет я зэфIэкIыр ягъэлъэгъуэну, - къыхагъэщащ зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм.

**БАХЪСЭН Ланэ.**



● Тэрч щIыналъэ

# ХьэрычэтыщIэхэм гъуэгу ярет

**Джылахъстэнейм хьэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытыщIэ зыщегъэужьыным теухуа лэжьыгъэр щофIакIуэ.**

МЫ IУЭХУМ хэлъхьэныгъэ хъарзынэхэр хуещI хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ зегъэубгъуныр, егъэфIэкIуэныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыт урысейпсо фондым. Абы защIегъакъуэ ахъшэ щIыхуэкIэ зи Iуэху къызэIузыхыну хуейхэм. Илъэс блэкIам къриубыдэу фондым и микрозайму 6 цIыхухэм яIэрыхьащ. Ар зы мелуанрэ сом мин 770-рэ мэхъу. Абы къыдэкIуэу, фондым Хьэрычэтым пыщIа Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэм хуейхэр щегъэгъуазэ, чэнджэщ щхьэпэ къызыхахын дерсхэр ярет. Мы зэманым апхуэдэ хъыбарегъащIэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ цIыху 95-м ядэIэпыкъуащ 2019 гъэм и щIышылэм къыщыщIэдзауэ фондым и мылъкуу сом мелуан 12-м щIигъу яIэрыхьащ IуэхущIапIэ мыин къызэIузыхахэм. Хьэрычэт мащIэр дэIыгъынымкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэр адэкIи ядэIэпыкъунущ жылагъуэдэсхэм.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

● Ухуэныгъэ

# Iуэхум йоужьэрэкI

**Налшык и «Южный» автовокзалым щекIуэкI ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэпыуркъым.**

МЫ МАХУЭХЭМ иужь ихьащ вокзалым узэрекIуэлIэну утыкур зыхуей хуэгъэзэным. Унэм и IуплъапIэ нэхъыщхьэр щIадзауэ ягъэдахэ: унащхьэм къэухь плъыжьыфэхэр къекIуэкIыу кIэралъхьащ, ар уэздыгъэхэмкIэ къагъэнэхужынущ.

Мазэ ипэ техникэ хьэлъэхэмкIэ яузэщIа утыкушхуэр дахащэу къращIыкI. ЖыгыщIэхэр, удзхэр щыхасэну щIыпIэхэр ягъэбелджылащ. Транспортыр къыщыувыIэнум елэжьын зэрызэфIэкIыу, цIыхухэр шынагъуэншэу вокзалым зэрытехьэну лъэс зекIуапIэхэр ящIынущ.

«Южный», «Северный» автовокзалхэр мы гъэм яухыну я мурадщ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# «Гъэмахуэмэ» гуакIуэкIэ гъэнщIа сурэтхэр

**Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм щагъэлъагъуэ Санкт-Петербург и художник цIэрыIуэ Анненков Анатолий и лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр.**

МУЗЕЙМ и пэIущIэ пэшитIым утыку къыщрахьащ сурэт хьэлэмэтхэр. Гъуазджэ лэжьыгъэхэм я къарур зыхэпщIэу, художникым и Iэдакъэ къыщIэкIа дэтхэнэ зы лэжьыгъэри узыIэпызышэщ, дахагъэр гум къыщызыгъэушщ, щIэщыгъуэ зыхэплъагъуэщ. Апхуэдэхэщ гъэмахуэмэ къызыпих, дыгъэ теплъэ зиIэ сэхуранымщхьэ гъуэжьхэр, удз гъэгъа зэмыфэгъухэр, тенджыз Iуфэхэр, гъэм и зэманхэр, щIыуэпсым и дахагъэмрэ къулеягъэмрэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ «къыщигъэщIа» бгы уардэхэр, езым фIыуэ илъагъу, и лэжьыгъэм увыпIэфI щызыубыд Санкт-Петербург къалэм и «псэр», и щIыпIэ дахэхэр, и теплъэ телъыджэр щIэщыгъуэу къызэрыщигъэлъэгъуахэр. Анатолий и лэжьыгъэхэм ущеплъкIэ гу лъыботэ художникым гъуазджэм къыдэкIуэу гъащIэми лъагъуныгъэ зэрыхуиIэр и сурэтхэм къыщигъэнэIуэныр къызэрехъулIар. Арауэ къыщIэкIынущ абы и Iэдакъэ къыщIэкIахэм гукъыдэж къыщIатым и щэхур.

IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ **Леонтьевэ Нинэ** и гуапэу къыхигъэщащ УФ-мрэ КъБР-мрэ ЩэнхабзэмкIэ я министерствэхэр зэрызэгурыIуам и фIыгъэкIэ, Санкт-Петербург и сурэтыщI Анненков Анатолий и лэжьыгъэхэр ди щIыналъэм утыку къыщрахьэну Iэмал зэраIэр зэрыIуэху дахэр икIи къилъытащ гъуазджэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъунымкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, музейм и пэшхэм щыфлъагъу лэжьыгъэ телъыджэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтыщIым и выставкэр къыщызэIуахым зыкъригъэхьэлIэфакъым. Ауэ, нэхъыщхьэр художник Iэзэм и зэфIэкIымрэ и сурэт нэхухэмрэ зыхэдгъэгъуэзэну Iэмал дызэриIэрщ, - жиIащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий**. - Гъуазджэм и лэжьакIуэ куэдым къащхьэщыкIыу, Анатолий и сурэтхэм къыщигъэлъэгъуахэм еплъурэ къатрищIыкIащ, сурэттехкIэ траха сурэтхэр, интернетыр е нэгъуэщI Iэмалхэр къимыгъэсэбэпу. Аращ сурэтыщIым и лэжьыгъэхэм псэ щIаIутымрэ ахэр нэхъ кууэ щIызыхэпщIэмрэ я щхьэусыгъуэр. Музейм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ лей яхуэфащэщ, гъэлъэгъуэныгъэр екIуу къызэрызэрагъэпэщам папщIэ.

УФ-м и СурэтыщIхэм я правленэм и зэгухьэныгъэм хэт **Жылэ Анатолэ** къыхигъэщащ Анненков Анатолий и лэжьыгъэхэм къадэкIуэу выставкэм хыхьэу нэгъуэщI сурэтыщI IэкIуэлъакIуэхэм яйхэри утыку къызэрырахьар, абыхэм гупсысэ куу зэращIэлъыр, дахагъэмрэ Iэзагъэмрэ зэрыщызэхэухуэнар.

Выставкэм къыщыIэта темэм къыпызыщэщ музейм и ещанэ пэшым щагъэлъагъуэ, XVIII лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм щегъэжьауэ XX лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм пщIондэ урыс сурэтыщIхэм Санкт-Петербург къалэмрэ абы и Iэгъуэблагъэхэмрэ я теплъэхэр къыщагъэлъэгъуэжа, музейм и фондым щахъумэ лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр. Апхуэдэхэщ урыс сурэтыщIхэу Зубов А., Отроумов-Лебедев А., Шиллинговский П., Митрохин Д., Житков Р., Мордвинов А., Почтенный О., Волков Н., Сердюков В., нэгъуэщIхэми я графикэ, ксилографие, гравюрэ, акварель лэжьыгъэхэр. Художникхэм я сурэтхэр нэхъри хьэлэмэт пщещI къалэр езыхэм зэралъагъум хуэдэу къызэрагъэлъэгъуам.

*Гу зылъытапхъэ:* Анненков Анатолий 1959 гъэм Владикавказ къыщалъхуащ. Мэздэгу къалэм и художественнэ училищэм щеджа нэужь, Сурэт щIынымкIэ, скульптурэмрэ архитектурэмкIэ Репин Иван и цIэр зезыхьэу Ленинград къалэм и институтыр 1988 гъэм къиухащ. 1990 гъэм щыщIэдзауэ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIахэм ящыщ лэжьыгъэ зыбжанэ Урысейм, Австрием, Инджылызым, Бельгием, Германием, Данием, Финляндием, Франджым щахъумэ. 1988 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и мызакъуэу, хамэ къэралхэм къыщызэрагъэпэща выставкэ зэмылIэужьыгъуэхэм жыджэру зыкъыщигъэлъэгъуащ. Анненков Анатолий Санкт-Петербург щопсэу икIи щолажьэ, ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и егъэджакIуэщ. СурэтыщIым и IэщIагъэм фIыщIэ, щIыхь тхылъ куэд къыпэкIуащ, псапащIэ Iуэхухэм жыджэру зэрыхэтри хыхьэу. Ар икIи скульпторщ, Кронштадт щыIэ члисэр зэгъэпэщыжыным жыджэру хэтащ.

Зэхыхьэм зыкърагъэхьэлIащ гъуазджэр фIыуэ зылъагъухэм, сурэт щIыным дихьэххэм, художникхэм. Выставкэр бадзэуэгъуэм и 31 пщIондэ зэхэтынущ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **КъуэщIысокъуэ Марьянэ** *трихащ.*



# Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 20,** *щэбэт*

◆**Шахматхэм я дунейпсо махуэщ**. 1966 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ, 1924 гъэм а махуэ дыдэм Париж Дунейпсо шахмат федерацэр (ФИДЕ) къызэрыщызэрагъэпэщам тращIыхьауэ.
◆**Тортым и дунейпсо махуэщ**
◆**Японием щагъэлъапIэ тенджызым и махуэр**
◆**Колумбием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**. 1810 гъэм Боготэ къалэм цIыхухэр къыщызэрыIэтащ, Испанием къыгуэкIыу къэрал щхьэхуит хъуныр къагъэуву.
◆**1534 гъэм** Кембридж къалэм (Инджылыз) дунейм щыяпэу къыщызэIуахащ тхылъ къыщыдагъэкI IуэхущIапIэ.
◆**1561 гъэм** Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ чыристан диныр кърагъэщтащ, Марие цIэри фIащащ.
◆**1941 гъэм** СССР-м Къэрал шынагъуэншагъэмкIэ и цIыхубэ комиссариатымрэ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ цIыхубэ комиссариатымрэ (НКГБ-мрэ НКВД-мрэ) зэгуагъэхьэжри, Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ наркомат къызэрагъэпэщащ.
◆**1944 гъэм** Гитлер Адольф яукIыну хэтащ. Германием и нацист правительствэр традзыну, къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну зэгурыIуат вермахтым и генерал гуп, ауэ ар къайхъулIакъым икIи Гитлер щэхуу ебэн генералхэри абыхэм къакъуэта куэди яукIауэ щытащ.
◆**1960 гъэм** дунейпсо тхыдэм щыяпэу правительствэм и унафэщIу цIыхубз хахащ. Ар Шри-Ланкам щыщ Бандаранаике Сиримавэт.
◆**1966 гъэм** КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ унафэ къащтащ Волжскэ автомобиль заводыр Тольятти къалэм щыухуэным теухуауэ.
◆**1969 гъэм** США-м и «Аполлон-11» кхъухьыр Мазэм тетIысхьащ.
◆**1990 гъэм** Осетие Ищхъэрэ автономнэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ я къэрал суверенитетым теухуа унафэ икIи я къалащхьэ Орджоникидзе нэхъапэм зэреджэу щыта Владикавказ цIэр иритыжащ.
◆Совет режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист, «Семнадцать мгновений весны» фильм цIэрыIуэри нэгъуэщI куэди тезыха **Лиозновэ Татьянэ** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.
◆Совет актёр, режиссёр, уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Анофриев Олег** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
◆Къэрал, парт лэжьакIуэ, политик **Къущхьэ Гъумар** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
◆Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, егъэджакIуэ, философие щIэныгъэхэм я доктор, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат **Хъурей Феликс** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
◆Сабий усакIуэ **АфIэунэ Лиуан** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.
◆УсакIуэ, драматург, АР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгейм и цIыхубэ тхакIуэ **Къуиикъуэ Налбий** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.
◆Совет актрисэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Чурсина Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
◆Экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат, Кубанми АР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, РАЕН-м, Нью-Йорк академием хэт **ТIрахъуэ Энвер** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
◆Урысей фигурист цIэрыIуэ, гъэсакIуэ, Олимп джэгухэм дыжьын, жэз медалхэр къыщызыхьа, дунеймрэ Европэмрэ я чемпион **Жулин Александр** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 21,** *тхьэмахуэ*

◆**УФ-м щагъэлъапIэ ГъущIгъавэм и махуэр**
◆**Тыркумэным и медицинэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**
◆**Бельгием и лъэпкъ гуфIэгъуэшхуэщ - къэралым и щхьэхуитыныгъэм теухуа декларацэмрэ и конституцэмрэ къащтащ**.
◆**1613 гъэм** Урысейм и пащтыхь хъуащ Романов Михаил Фёдор и къуэр. Романовхэ ящыщу аращ пащтыхь тахътэм япэу итIысхьар.
◆**1774 гъэм** Урысеймрэ Тыркумрэ Кючук-Кайнарджи мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэр зэращIылIащ, 1768 - 1774 гъэхэм а къэралитIым ирагъэкIуэкIа зауэр зэриухам и щыхьэту.
◆**1829 гъэм адыгэлI Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Iуащхьэмахуэ и щыгум къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ дэкIащ**.
◆**1906 гъэм** Урысейм и Правительствэм и унафэщIу ягъэуващ мэкъумэш IэнатIэм щригъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ цIэрыIуэ хъуа Столыпин Пётр.
◆**1917 гъэм** Урысей Правительствэм и унафэщI хъуащ Керенский Александр.
◆**1941 гъэм** нэмыцэ кхъухьлъатэхэр Москва япэу щхьэщыхьэри лагъымхэр щрадзыхащ.
◆**1969 гъэм** Америкэм щыщ астронавтхэу Армстронг Нилрэ Олдрин Эдвинрэ «Аполлон-11» кхъухьым икIри, дуней псом апхуэдэ къыщымыхъуауэ, Мазэм теуващ.
◆**1994 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал гербыр, Къэрал ныпыр, Къэрал гимныр къащтащ.
◆Ди эрэм и пэкIэ 356 гъэм къалъхуащ дзэзешэ цIэрыIуэ, Македоние къэрал лъэрызехьэм и къызэгъэпэщакIуэ икIи и пащтыхь **Македонский Александр**.
◆Америкэ тхакIуэ, Нобель саугъэтым и лауреат **Хемингуэй Эрнест** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.
◆Совет сурэтыщI, СССР-м и цIыхубэ художник **Серов Владимир** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.
◆Совет футболист, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, олимп чемпион **Стрельцов Эдуард** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.
◆Куржы уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Брегвадзе Нани** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
◆ТхакIуэ, драматург, актёр **Задорнов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.
◆Урысей актрисэ цIэрыIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Гришаевэ Ноннэ** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 22 - 23-рэ щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 22,** *блыщхьэ*

◆**Боксым и дунейпсо махуэщ**
◆**Щхьэ куцIым и дунейпсо махуэщ**
◆**Москва и уафэр зыхъумахэм я махуэщ**
◆**Азербайджаным и лъэпкъ прессэм и махуэщ**
◆**Таджикистан Республикэм и къэралыбзэм и махуэщ**. 1989 гъэм таджикыбзэр а къэралым и бзэ нэхъыщхьэу щагъэуващ.
◆Африкэ Курыт Республикэм щагъэлъапIэ хабзэ гъэщIэгъуэн - жыг хэсэным и махуэр
◆**1795** гъэм Шереметев Николай и щIапIэм къыщызэIуахащ «Останкино» театр-уардэунэр.
◆**1894** гъэм Франджым и къалащхьэ Париж дунейм щыяпэу автомобиль къызэдэжэхэр щызэхэтащ.
◆**1910 гъэм** Ясная Поляна хэщIапIэм мафIэсышхуэ къыщыхъури, Толстой Лев и Iэрытххэр хисхьащ.
◆**1918 гъэм** Урысейм и ЦIыхубэ комиссархэм я советым унафэ къищтащ сондэджэрхэм япэщIэтыным теухуауэ.
◆**1927 гъэм** Италием къыщызэрагъэпэщащ «Рома» футбол клубыр.
◆**1944 гъэм** Дунейпсо валютэ фондыр къызэрагъэпэщащ.
◆**1945 гъэм** КъАССР-м и щакIуэ хозяйствэр къызэрагъэпэщащ.
◆Романовхэ ящыщу Урысейм и япэ пащтыхь хъуа **Михаил Фёдор** и къуэр къызэралъхурэ илъэс 423-рэ ирокъу.
◆Авиаконструктор цIэрыIуэ, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Сухой Павел** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу. Абы и унафэм щIэту зэпкъралъхьащ кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэ 50-м щIигъу. Абыхэм я нэхъ лъэщу къалъытэхэм хабжэ дзэм къыщагъэсэбэп Су кхъухьлъатэхэр.
◆**КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу**.
◆Франджы уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Матье Мирей** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
◆УэрэджыIакIуэ, композитор, усакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Газманов Олег** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
◆АР-м щыщ журналист **Мамрыкъуэ Нуриет** къыщалъхуа махуэщ.
◆Театрымрэ киномрэ я урысей актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Розановэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.
◆Урысей хоккеист, олимп чемпион, Стэнли и Кубокыр тIэунейрэ къэзыхьа **Зубов Сергей** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

## Нэхъыжьым жьэ ет, нэхъыщIэм гъуэгу ет.

● ФщIэн папщIэ

# Хабзэр къизымыдзэхэр

Зэратх Iэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, бадзэуэгъуэм и 6-12-хэм къриубыдэу гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр 15 890-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуан 10-рэ мин 238-м щIигъу. А махуэхэм сом мелуани 2-рэ мин 706 200-рэ япшынащ.

Къуэдыр махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фIагъэкIамэ, Iуэхур Суд приставхэм Iэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пIалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статья) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитIкIэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кIэ цIыхур ягъэлажьэ.

Къуэды птелъмэ къыщыпщIэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

# 1829 Япэ урысей альпинист Хьэшыр Чылар

**Ди унагъуэцIэмрэ лъэпкъым и тхыдэмрэ убзыхуауэ тхылъхэм изэгъауэ къыщыщIидзэр Чыларым и дежщ. Абы лъандэрэ лъэпкъищэхэм я тхыдэм егъгъапщэмэ, куэд дыдэ хъуакъым, илъэс щитIым нэсауэ арат.**

СИ АДЭ Къэрэбат зэрыжиIэжу щытамкIэ, ди лъэпкъыр Брамтэм къиIэпхъукIри Кушмэзыкъуей жылэжьым дэтIысхьауэ щытащ.

Дэ ди сабиигъуэм, 1920 - 1930 гъэхэм, Кушмэзыкъуейм Чылар унагъуэцIэ зэрахьэу унагъуитхущ дэсар. Ахэр къатепщIыкIауэ щытащ **Чылархэ** (япэIуэкIэ Хьэшыр унагъуэцIэ зезыхьахэм) **Тепсэрыкъуэ**, **Щэрэлыкъуэ**, **Хьэмлакъ** сымэ.

**Тепсэрыкъуэ иIащ къуищ**: **Елдарыкъуэ**, **Къэрэбат** (си адэр), **Батырхъан**; **Щэрэлыкъуэ - Джэхурэ Батырыгурэ**; **Хьэмлакъ - Хьэпагуэрэ Хьэжсетрэ**. А зэкъуэшищыр (Тепсэрыкъуэ, Щэрэлыкъуэ, Хьэмлакъ) Умар и къуэхэт.

1886 гъэм Урысейм Къэбэрдейм щригъэкIуэкIа къыхэтхыкIыныгъэм къызэрыхэщымкIэ, ди адэшхуэ Тепсэрыкъуэ илъэс 38-рэ, Щэрэлыкъуэ - 36-рэ, Хьэмлакъ - 31-рэ я ныбжьт икIи зи цIэ къыжытIа я къуэхэри, Хьэжсет нэхъ къэмыту, спискэм итхэт. Абыхэм я ныбжьыр щытщIэкIэ, ахэр къыщалъхуа гъэхэри къэгъуэтыгъуейкъым. Тепсэрыкъуэ - 1848, Щэрэлыкъуэ - 1850, Хьэмлакъ - 1855 гъэхэм къалъхуащ.

Шортэн Аскэрбий зэритхымкIэ, Чылар Iуащхьэмахуэ щыдэкIым и ныбжьыр илъэс 25 - 26-рэ хъурт. Уи фIэщ пщIы хъунщ ар пэжу, абы илъэс 25 - 30 а лъэхъэнэм и ныбжьауэ. АтIэ Хьэшыр Чылар 1800 гъэхэм и пэщIэдзэм къалъхуащ. Абы иIащ къуитI - Джырандыкъуэрэ Увжыкъуэрэ. Увжыкъуэ щIалэу унеидзыхьэ хьэгъуэлIыгъуэм хэкIуэдащ. Абы иIащ къуитI - Хьэжбийрэ Алийрэ. 1848 гъэм Джырандыкъуэ и къуэш яукIам папщIэ я анэм (Чылар и щхьэгъусам) ахъшэ къратыну судым ищIа унафэр зэрамыгъэзащIэм къыхэкIыу, Къэбэрдейм унафэ зи Iэмыщlэ илъхэм я пащхьэм Iуэху къыщиIэтауэ щытащ.

1863 гъэм, Джырандыкъуэрэ Тепсэрыкъуэрэ (я къуэшхэри ящIыгъуауэ бгъэув хъунущ) Кушмэзыкъуей къыщыIэпхъуа илъэсым Тепсэрыкъуэ и ныбжьыр илъэс 15-м итащ. Мы илъэс бжыгъэхэр къэтщтэнымкIэ сэбэп хъуащ Бейтыгъуэн Сэфарбий къыдигъэкIа «Кабарда в фамилиях» тхылъыр, абы и напэкIуэцI 329 - 331-хэр теухуащ «Килара Хаширова потомки» псалъащхьэ зиIэм.

Зи гугъу сщIа илъэсхэмкIэ къэзгъэлъэгъуэну сызыхуейр мыращ. Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Думэн Хьэсэн 1985 гъэм фокIадэм и 3-м «Кабардино-Балкарская правда» газетым «Ещё раз о Киларе и Ахие» и псалъащхьэу трыригъэдзами, 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м «Адыгэ псалъэм» щитхами хэтщ Тепсэрыкъуэ Чылар и къуэшу хуэбгъэфащэ хъуну.

Хьэшыр Чылар теухуауэ лэжьыгъэ нэхъыбэ дыдэ зиIэр Думэн Хьэсэнщ. Ауэ Чыларрэ Тепсэрыкъуэрэ зэкъуэшкъым. Чылар лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм халъхуамэ, Тепсэрыкъуэ лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIым дунейм къытехьауэ аращ.

Ар зыуэ. ЕтIуанэу, лъахэхутэ Ехъутэныдж Хьэсэн зэритхымкIэ, Чылар и къуэ Джырандыкъуэ и закъуэ 1848 гъэм жьы дыдэ хъуа и анэм и гъусэу Брамтэ дэсащ.

Тепсэрыкъуэ Чылар и къуэш Умар и къуэу арращ.

Ди адэ Къэрэбат къызэрыджиIэжу щытамкIэ, ди лъэпкъыр щыпсэуар Брамтэщ, абы къиIэпхъукIри, нэгъуэщIхэри я гъусэу, Кушмэзыкъуей дэтIысхьащ. КъызыхэкIа лъэпкъкIэ, и цIэ-унэцIэкIэ шэч къытезыхьэу псалъэхэм я жэуапщ Думэн Хьэсэн итхахэр. Ауэ гу зылъытапхъэщ: и унэцIэр Хьэшырщи, ар тэмэму ятх. И цIэм и тхыкIэр Хилларъ-уи, Киллар-уи урохьэлIэ, пэжыр **Килар-щ (Чылар)**.

Тепсэрыкъуэ и бынхэм я фIэщыгъэцIэр 1886 гъэм ятха спискэм зэритыр мыпхуэдэущ: **Елджэрыкъуэ**, **Къэрэбат**, **Батырхъан**. Ди адэ Къэрэбат и шынэхъыжь Елджэрыкъуэ бынитху къыщIэнэри, пасэу дунейм ехыжащ. Я шынэхъыщIэ Батырхъан щхьэгъусэ къимышауэ ябгъэдэкIри, къигъэзэжакъым. И адэр абы и лъыхъуакIуэ ежьэри, фIамыщI къыщыщIах шахтэм щылажьэу къихутауэ щытащ, ауэ къэкIуэжын идакъым, и лъэужьри бзэхащ.

ДИ САБИИГЪУЭМ дыщыпсэуар иджы Кушмэзыкъуей дэт курыт еджапIэ №2-м и дежщ. Дэ зэкъуэшитху дыхъурт. Зы шыпхъуи диIэт, быным я нэхъыжьу. Дыщыпсэу унэр зы пэшрэ зы сенэрэ хъурт. А лъэхъэнэм кхъуэщыныщхьэ унэ уиIэныр хэIэтыкIауэ ялъытэрт. Сенэм жьэгу иIэт, чы IуэнтIа уэнжакъ кIуэцIым кхъуей плъыжь, къурт щагъэгъуу. ПщыхьэщхьэкIэ хьэкур хьэуазэ, сэхуран жэпкъ, нэгъуэщI кIэрыху-бжьэрыхухэмкIэ щыдгъэплъкIэ, абы къищI нэхумкIэ школым къыдата унэ лэжьыгъэхэр дгъэзащIэрт.

ЩIымахуэ пщыхьэщхьэкIэ хьэблэм дэс лIыжьхэр чэзууэрэ зы щIыпIэ щызэхуэсырти, хъыбар, таурыхъ жаIэу зэхэст. Сэ быным сранэхъыщIэти, ди адэм си Iэпэр иIыгъыу а зэхуэсхэм сыздишэрт. ГъэщIэгъуэн куэд щызэхэтхырт а зэIущIэхэм. ЗыгуэркIэ зэхуэс щымыIэмэ, ди адэр (ар лIы ткIийт) Iуэхум къыщыдэхуэхэм, и гушыIэн къыщикIахэм, жьэгум мафIэ дэп пщтырым дыкъетIысэкIауэ дыздэщысым, къытхэтIысхьэрти, хъыбар дригъэдаIуэрт. Абыхэм куэдрэ къахэхуэрт Чылар теухуа Iуатэжхэри. Ар къызэрыджиIэр пэжымрэ къигупсысамрэ пхузэхэмыгъэкIыут. «Нэхъапэм ди унэцIэу зетхьар Хьэшырщ. Лъэпкъым диIащ лIы лъэрызехьэ - Чыларт абы и цIэр. Ар Iуащхьэмахуэ и щыгум дуней псом япэу дэкIащ. Гупышхуэу ежьэри, бгы лъагэм ебгъэрыкIуэу щIадзащ. Чылар щIакIуэ фIыцIэ, жэз тас, хьэмкIутей баш мыжурэ и пэм пылъу къищтэри, и гъусэ псоми ящхьэпрыкIри, Iуащхьэмахуэ и щыгум къыщыхутащ. Абдежым, мыжурэ зыпылъ и башыр мылым хиукIэри, мывэкIэ къигъэтIылъыхьщ, Кавказ къырхэр къызэпиплъыхьщ, мывэ пIащIитIи къыздищтэщ, щIакIуэ фIыцIэм зыкIуэцIигъэджэразэри, жэз тасым ису къежэхыжащ», - жиIэрт Къэрэбат. Хъыбарым и пэ Iыхьэм жиIар уи фIэщ хъуми, иужь псалъэхэр шэчыншэу къапщтэ хъунутэкъым. Ауэ дэ ди фIэщ дыдэу абы дедаIуэрт: «Пэжу къыщIэкIынщ Iэжьэ папщIэ таскIэ къежэхыжар», - жытIэу.

Апхуэдэу гъэщIэрэщIауэ а хъыбарыр къыджимыIэтэмэ, сигу къинэну къыщIэкIынтэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ абы щыгъуэ сысабиящ. Ар мыхъуамэ, сэ ди адэм сызэрыпкърыупщIыхьын куэд щыIэт, иджыпсту хуэдгъэфащэу дызытепсэлъыхь Iуэхугъуэ зыбжанэм ар щымыгъуэзэнкIэ Iэмал иIэтэкъым.

Ди адэшхуэ Чылар Тепсэрыкъуэ и щхьэгъусэр Иналхьэблэ (Къэрэгъэш) дэс Тэмазэхэ ящыщт, и дэлъхум и цIэр ХьэтIэхъущокъуэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди анэшхуэм и цIэр къытхуэгъуэтыжакъым.

Чылар и фIэщыгъэцIэр унэцIэу къызэрытхуэнам, езым и унэцIэ дыдэр зэры-Хьэшырым и щыхьэту нэгъуэщI зы Iуэхугъуи щыIэщ. Ди щIалэгъуэм Кушмэзыкъуей дэса, цIыхухэм пщIэ зыхуащIу щыта нэхъыжьыфIхэу ЛэмпIэжь Маш, МызэущI Хьэзрэил, Жанджэрий Хьэжмырзэ, Аргъэщокъуэ ФIыцIэ сымэ, нэгъуэщIхэри къызэрыдэджэу щытар «Чылар и къуэщ».

А лъэхъэнэм ди нэхъыжьхэм Щхьэлыкъуэ щыпсэу Хьэшырхэр ягъэкъуэшырт.

## Лъэпкъым и тхыдэ

# Чылар Гъузер Къэрэбат и къуэм и гукъэкIыжхэр



**Чылар Гъузер** *(сэмэгумкIэ)* **колхоз губгъуэм итщ**. *1989 гъэ*

## Тыркум щыпсэу ди унэкъуэщхэр

1879 ГЪЭМ Чылар и къуэ Джырандыкъуэ, абы и къуэш Увжыкъуэ и бынхэу Хьэжбийрэ Алийрэ хэкум икIыжащ. Ди адэм зэрыжиIэжу щытамкIэ, Алий шууэ Истамбыл къикIыжщ, я шыбз гуартэр ихури, Тыркум игъэзэжащ. Хьэжбий а къэралым къыщыувыIащ. Джырандыкъуэ псэупIэ ищIар белджылыкъым, ауэ Сирием къыщызэтеувыIауэ худогъэфащэ. Щам щыпсэу Чылархэм я бын, Гъэсэн и цIэу, ди Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ, осетин цIыхубз и щхьэгъусэщ, Амал и цIэу хъыджэбз яIэщ.

Тыркум щепсыха Хьэжбий, Чылар и къуэрылъхум, зэрыжытIащи, лъэпкъ хъарзынэ къытепщIыкIащ.

1991 гъэм и шыщхьэуIум КъБР-м Щэнхабзэмрэ и министерствэм къэкIуат тырку хьэрычэтыщI ныбжьыщIэ гуп. Абы яхэтащ адыгэбзэр тэрэз дыдэу ищIэу, зэдзэкIакIуэу Хьэжбий къытепщIыкIахэм ящыщ Чылар Байар. Ар Истамбыл щыIэ Адыгэ Хасэм хэтт, езыр куэдым гу лъитэу цIыху Iущт. Хэкужьым къыщыкIуэм, ди лъэпкъым ящыщ зыгуэрым срихьэлIэмэ жиIэри, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я цIэхэр къыздихьащ.

Министерствэм и лэжьакIуэ Бейтыгъуэн Iэуес и фIыщIэкIэ сэ сыIущIащ Байар икIи абы селъэIуащ лъэпкъым къытхыхьэну.

Кушмэзыкъуей деж Чылархэ нэжэгужэу къызэхуэсат, шэджэмдэс ди унэкъуэщхэри кърихьэлIат. Псоми я нэ къыхуикIырт хамэ щIыпIэ щыпсэу я лъэпкъэгъур ялъагъуну. ЯпэщIыкIэ ар си деж къезгъэблэгъащ, итIанэ лъэпкъыр щызэхуэса ди нэхъыжь Абузер и унэ дыкIуащ. ГуфIэгъуэ зэIущIэр абы щедгъэкIуэкIащ, сурэт зыбжани абдеж щыттрахащ.

ИужькIэ ди хэкум и теплъэ нэхъ удэзыхьэххэм ящыщ зыгуэр едгъэлъагъун, и нэгу зедгъэужьын мурадкIэ, машинэ псынщIэхэм дитIысхьэри, Гундэлэн ипщэкIэ щыIэ Тызыл къуэладжэм тшащ. Махуэр уэфIт, хуабэт. А щIыпIэ дахащэм гур апхуэдизкIэ дихьэхырти, псым и Iуфэ дэтхэнэ зы етIысэхыпIэми узыIэпишэрт. Ауэ цIыхухэм нэхъ тэмэму зыщагъэпсэхун папщIэ яухуа Iэнэ кIыхьышхуэм дыбгъэдэсыну тедухуащ. Ерыскъыр берычэтт, фадэри хъушэт. АрщхьэкIэ ди къуэш Байар, ди лъэныкъуэмкIэ фадэ ирафыркъым жиIэри, нарзан ефэу къыдбгъэдэсащ. Дэри абы къыхэкIыу пщIэ лей хуэтщIащ.

ГуфIэгъуэр Iэтауэ ягъэдахэрт Шэджэм дэс ди унэкъуэщ Толэрэ (Iэдэм и къуэщ) абы и щIалэ, илъэс 13-м ит Аслъэн цIыкIурэ. И адэм мэкъамэ Iэмэпсымэхэр хуэIэзэу игъэзэрабзэрт, ныбжьыщIэм и макъ жьгъырумкIэ адыгэ уэрэдыжьхэри иджырейхэри артист лъэрызехьэхэм хуэдэу къыджиIэрт.

Кушмэзыкъуейм щIыбым деж щылъ мывэжьыр ди щIапIэм дикIыу къуажэ щIыбымкIэ дыщыIэпхъуэм, Чылархэ я хадэм ириубыдащ. Иджы абы къина ди шынэхъыжь Мухътар и бынхэм, я хадэм илъщ. Тхьэм ещIэ а мывэ абрагъуэр абы къыщыхута зэманри, къызэрыхута щIыкIэри, Iуащхьэмахуэ илъэс мин бжыгъэ и пэкIэ и губжьыгъуэ зэманхэм и къару пхуэмыIуэтэнум къидза е Бахъсэн и уэлиигъуэу нэпкъитIым дэмызагъэу къехауэ яIуэтэж зэманым псым къыздихьа, сытми а мывэжьым нэхъ лъагэ щымыIэу къытщыхъурт ди сабиигъуэм.

КIэщIу жыпIэмэ, Байар ди нысэ нэхъыжь ЛъапIэ, и деж есшэхри, мывэжьым дыбгъэдэту сурэтхэри ттрихащ, сэмб из щIыи здихьри и анэшхуэм и уэсятыр хуигъэзэщIащ.

Тыркум щыпсэу Чылархэм унагъуэцIэу зэрахьэр Шрайдерт. «Зы зэман гуэр къэралым и тепщэу ягъэува сулътIан щхьэзыфIэфIым и унафэкIэ лъэпкъ къэскIэ унагъуэцIэ къыдитауэ къэралым дызэрыщатхыр апхуэдэут», - жиIэрт Байар.

***Тыркум щыпсэу Чылархэм я цIэхэр:***

Хьэжджэрий и къуэ Мурат и бынхэр Анкара дэсщ, Уэлий и къуэ Расым и унагъуэр Истамбыл щопсэу. Адрейхэр Къайсэр вилайетым щыIэщ. Байар и шынэхъыжь Джемал 1996 гъэм си деж къеблэгъащ. Зэшхэм унэ лъащIэ ящI, яшхын ягъуэту мэпсэу. Расым и пхъуитIыр 1996 гъэм Чылар Розэ и деж Налшык щыхьэщIащ. Ахэр Истамбыл банкым щолажьэ.

| | | |
|---|---|---|
| **Хьэжбий** *(Чылар и къуэрылъхущ, Увжыкъуэ и къуэщ)* | **Маруат** | **Зулфикар** |
| | **Сенгюл** | **Махие** |
| | **Зэчий** | **Зулфие** |
| | | **Сафие** |
| | **Хьэждэрий** | **Сабэхьэт** |
| **Бэчмырзэ** | **Гурэ** | **Исмэхьил** |
| **Кацинэ** | **Биат** | **Ирафеттин** |
| **Уэлий** | **Адыл** | **Илхъам** |
| **Исмэхьил** | **Нуран** | **Хьэтэгъ** |
| **Рушди** | **Ахие** | **Рахьми** |
| **Расым** | **Мурат** | |
| **Нейлэ** | **Аутен** | **Зулкъарней** |
| **Нэсрин** | **Джемал** | **Джэуар** |
| **Емел** | **Актен** | **Мардие** |
| **Дёне** | **Байар** | **Хъайраттин** |
| **Сарпил** | **Назир** | **Сание** |
| **Сэлим** | **Тургут** | **Алий** |
| **Полгин** | **Ядгар** | |
| **Хюлид** | **Рэшат** | **Махьират** |
| **Нурие** | | **Багият** |
| **Хъадиджэ** | **Алий** | **Iэминат** |
| **Самие** | **Зэчрей** | **Зурият** |

Байар 1998 гъэм лэжьыгъэ IуэхукIэ хэкум къытригъэзащ. Щхьэгъусэ къишащ, зы щIали иIэщ.

Апхуэдэщ, кIэщI дыдэу утепсэлъыхьмэ, Чылар и щIэблэ Тыркум щыпсэухэм я хъыбарыр. ИщхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа, зи цIэ жытIа цIыхухъухэм я нэхъыбэм езым я унагъуэ яIэжщ, пщащэхэм ящыщ куэди унагъуэ ихьащ. Хьэжбий и къуэ Алий, Байар зэрыжиIамкIэ, щIалэу хьэгъуэлIыгъуэм щыхэкIуэдащ, быни щхьэгъуси имыIэу (Чылархэ «яхуэщтэкъым» хьэгъуэлIыгъуэхэр).

## Хэкум ис Чылархэр

ГЕНЕАЛОГИЕМ дыщытепсэлъыхькIэ, адэжь хэкум щыпсэу Чылархэми я гугъу тщIынщ. Ахэр псори къызытепщIыкIар Хьэшырхэ ящыщ Умар и къуэхэу Тепсэрыкъуэ, Щэрэлыкъуэ, Хьэмлакъ сымэщ.

***1. Нэхъ пасэ зэманым псэуахэр:***

***Чылархэ я пщащэхэр зыхыхьа Чылархэ я***

| | | |
|---|---|---|
| **Тепсэрыкъуэ** | *бийуэ псывэм исащ)* | **Батырыщэ** |
| **Елджэрыкъуэ** | **Абузер** | **УтIэ (Сэлимэ)** |
| | **Зубер** | |
| **Кацинэ** | **Гъузер** | **Хьэмлакъ** |
| **Iэдэм** | | **Хьэпагуэ** |
| **Хьэмзэт** | **Батырхъан** | **Нэхъупщ** |
| **КIунэ** | | **Шэмхьун** |
| **ХьэзрэIил** | **Щэрэлыкъуэ** | **Дыщэнэ** |
| | | **Ленэ** |
| **Къэрэбат** | **Джэху** | |
| **Тожан** | *(ЦIыкIу)* | **Хьэжсет** |
| **Мухътар** | **Мухьэдин** | **Адмир** |
| **Чэшиф** | **Хьэжысмел** | **Зулижан** |
| **КIухуэ** *(са-* | | **Абижан** |

***2. ИужькIэ къэхъуа унагъуэхэр:***

| | | |
|---|---|---|
| **Iэдэм** | **Ларэ** | **Борис** |
| **Владимир** | **Альберт** | **Мухьэрбий** |
| **Анатолэ** | **Рае** | **Мусэбий** |
| **Руслан** | | **ФатIимэ** |
| **Ленэ** | **Абузер** | |
| | **Борис** | **Нэхъупщ** |
| **ХьэзрэIил** | **Анатолэ** | **Хьэсэн** |
| **Борис** | **Нажмудин** | **Хьэсэнбий** |
| **Хьэсэн** | **Светланэ** | **Хьэлимэт** |
| **Хъусен** | **Руслан** | |
| **Лусенэ** | **Юрэ** | **Адмир** |
| | | **ХьэIишат** |
| **Мухътар** | **Гъузер** | **Хьэлимэт** |
| **Исмэхьил** | **Розэ** | **ШэIимэт** |
| **ХьэIишэт** | **Светэ** | **Михаил** |
| **Лизэ** | **Сафудин** | **Анатолэ** |
| **Шурэ** | *(сабийуэ лIащ)* | **Леонид** |
| **Зейнэб** | | |
| | **Татьянэ** | **Исмэхьил** |
| **Чэшиф** | **Заурбэч** | **Ритэ** |
| **Женя** | | **Риммэ** |
| **Мухьэмэд** | **Хьэжысмел** | **Иринэ** |
| **Мелхъан** | **Юрэ** | **Артур** |

***3. Абыхэм къатепщIыкIыжахэр:***

| | | |
|---|---|---|
| **Артур** | **Амур** | **Оксанэ** |
| **Тимур** | | **ФатIимэ** |
| **Альберт** | **Мухьэмэд** | **Албэч** |
| **Альберт** | **Руслан** | **Хьэсэн** |
| **Алинэ** | **Джульеттэ** | **Рустам** |
| **Альбинэ** | **Аслъэн** | |
| | | **Хъусен** |
| **Анатолэ** | **Хьэсэнбий** | **Хьэсэн** |
| **Марьянэ** | **Мухьэмэд** | **Ислъам** |
| **Маритэ** | **ФатIимэ** | **Каринэ** |
| **Нажмудин** | **Михаил** | **Юрэ** |
| **Арсен** | **Заирэ** | **Артур** |
| | **Изаурэ** | **Аслъэн** |
| **Руслан** | **Дианэ** | **Заринэ** |
| **Людмилэ** | | |
| **Мурат** | **Анатолэ** | **Борис** |
| **Эльвирэ** | **Мурат** | **Мухьэмэд** |
| | **Артур** | **Мурат** |
| **Юрэ** | | **Руслан** |
| **Къазбэч** | **Леонид** | |
| **ФатIимэ** | **Рустам** | **Мухьэрбий** |
| | **Роман** | **Амур** |
| **Заурбэч** | | **Раметэ** |
| **Инал** | **Борис** | |
| **Дианэ** | **Заремэ** | **Мусэбий** |
| | **Заретэ** | **Маринэ** |
| **Хьэсэн** | **Хьэсен** | **Мухьэдин** |

***Чылархэ я пщащэхэр зыхыхьа унагъуэцIэхэр:***

ХьэIишэт - **Щауэ**
Лизэ - **Шашэ**
Марьянэ - **Къумыкъу**
Маритэ - **ЛампIэжь**
Абижан - **Алокъуэ**
Зулижан - **ЛIуп**
Хьэлимэт - **Абазэ**
Ленэ - **Хьэжмэт**
Людмилэ - **Iуэщхъун**
Розэ - **Алмэ**
Светланэ - **Ныр**
Ритэ - **БатI**
Риммэ - **Чып**
Иринэ - **Елдар**
Оксанэ - **Лыджыдэ**
ФатIимэ - **Джэрыджэ**
ФатIимэ - **Къалмыкъ**
Женя - **Елмэс**
Рае - **Зал**
Ларэ - **Щауэ**,
ХьэIишэт - **КхъуэIуфэ**,
Хьэлимэт - **Батыр**,
ШэIимэт - **Алокъуэ**,
Мелхъан - **Согуэ**,
Шурэ - **Гындыгъу**.

Мыбы къыщыдгъэлъэгъуахэм нэмыщIкIэ Шэджэм Езанэм (Къундэтей МыдрыщI) дэсщ Iэдэм и къуитIым я унагъуэхэр. Ещанэ щIалэр, Руслан, унагъуэ имыIэу дунейм ехыжащ.

Апхуэдэщ Бахъсэн щIыналъэм щыпсэу Чылар и щIэблэхэм я генеалогие зэхэлъыкIэр.

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, зауэ гуащIэ декIуэкIым цIыху куэд хэкIуэдащ, бжыгъэкIэ нэхъыбэ хъу лъэпкъхэм яйр ебэкIыу, нэхъ мащIэхэр - нэхъ мащIэу. Унагъуитху фIэкIа а лъэхъэнэм мыхъуу щыта зы лъэпкъ цIыкIум ейуэ щIалиплIым я псэр зауэ губгъуэм къранащ, ахэр: Джэху и къуэ Мухьэдин, Хьэпагуэ и къуэ Шэмхьун, си анэ къилъхуауэ Мухътаррэ Зуберрэ. Псэууэ зауэм къэзыгъэзэжа Чэшифрэ Нэхъупщрэ унагъуэ яухуащ. Мухътар зауэм ипэ унагъуэ иIащ.

Чылар и щIэблэу Бахъсэн щIыналъэм щыпсэухэр я хьэл-щэнкIэ, нэмыскIэ, я лэжьыгъэкIэ адрей лъэпкъхэм къакIэрымыхуу цIыхухэм яхэтщ. Дэ ди нэхъыжьхэми, нэхъыщIэхэми, махуэ къэс жыпIэмэ ущыуэнщ, ауэ зэпымыууэ я гум илъщ дуней псом хахуагъэкIэ цIэрыIуэ щыхъуа адыгэлIым, зи цIэр лъэпкъым и унагъуэцIэу къэзыгъэнам и фэеплъ нэхур ямыгъэулийуэ, абы хуэфащэу цIыхухэм яхэтыну. Ди адэхэр, ди нэхъыжьхэр цIыху зыхыхьэм пщIэ хуащIыфу, езыхэри абыкIэ Iыхьэншэ мыхъуу псэуахэщ.

Ди шынэхъыжь Мухътар япэ къежьа тракторхэм къыщыщIидзэри, фин зауэм зэрыкIуауэ щыта ТЗ-м нэсу «гъущIышым» и лъэпкъыгъуэ псори зэригъэкIуащ. Гугъу зэрехьар къалъытэри, колхоз амбарым трагъэуват. Ар 1943 гъэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ. Адрей ди нэхъыжьхэри колхозым и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хьэлэлу щылэжьащ. Ноби къытщIэувэ щIэблэми абыхэм зыкъыкIэрагъэхун я мурадкъым. Лъэпкъым диIэщ мэкъумэшыщIэ цIэрыIуэхэр - ХьэзрэIил и къуэ Борис «Урысейм щIыхь зиIэ механизатор» цIэ лъапIэр зэрехьэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ. Ди щIалэхэм, пщащэхэм къахэкIахэщ цIыхубэ хозяйствэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я IэщIагъэлIхэр: инженерхэр, ухуакIуэхэр, IуэхутхьэбзащIэхэр, цIыхум еIэзэхэр, уэчылхэр, хьэрычэтыщIэхэр. Дэ дрогушхуэ абыхэм я лэжьыгъэ купщIафIэм, я цIыху хэтыкIэ дахэм.

Сэри, тIэкIу си щхьэм сыщытхъужынщи, лъэныкъуэегъэзыу сыкъыгуэтакъым. 1941 гъэм, зауэшхуэм щыщIидзам, дысабийуэ еджапIэм, фэ къэвджынур зэфIэкIащ, жаIэри дыкъыщIашри губгъуэм уэсым щIиубыда нартыхур къэтщыпыну драубыдэри, абы къыщыщIэдзауэ сетIысэхакъым. БелкIэ тIэнри, жэмкIэ вэнри, IэкIэ жылэ сэнри, выгу-шыгу зехуэнри, нэгъуэщI Iэджи зи нэгу щIэкIахэм сащыщщ. ТIэкIу нэхъ дыкъыщыжэпхъа лъэхъэнэхэм щIэздзэри, лэжьыгъэ IэнатIэ зыбжанэм сыпэрытащ. КIэщI дыдэу жысIэнщи, комсомол, щIыналъэ исполком, редакцэ, парт, цIыхубэ кIэлъыплъыныгъэм, сату лэжьыгъэхэми сыпэрытащ. Райпоми, колхозми, райисполкомми, редакцэми, кIэлъыплъакIуэхэм я район комитетми, нэгъуэщI IэнатIэхэми я тхьэмадэнри згъэунэхуащ. Си ныбжьыр нэсу пенсэм сыхыхьа иужькIи, илъэс куэдкIэ лэжьыгъэ зыбжанэ сыпэрытащ. Дэнэ сыщыIами, цIыхухэм я Iуэху зэрыдэзгъэкIыныр, Iуэхутхьэбзэ зэрызесхьэныр, нэмыс, пщIэ зэрахуэсщIыныр япэ изгъэщащ, езы цIыхухэм абыкIэ жэуап къызамытыжу къэнакъым.

Зы цIыху щхьэхуэм, унагъуэм къикIуа гъащIэ гъуэгуанэм утепсэлъыхьыныр Iуэху тыншкъым; лъэпкъым и тхыдэр къыжыпIэныр нэхъ гугъущ. Сэ лъэпкъым и гъащIэм и плIанэпэ псори къэзгъэлъэгъуэну мурадисиIакъым. Ауэ Хьэшыр Чылар и щIэблэхэм къакIуа гъащIэ гъуэгум нэхъ гу зылъытапхъэу къэслъытэхэр мы тхыгъэм къыщызгъэлъэгъуащи, зи гугъу сымыщIу къэна цIыхухэми, Iуэхугъуэхэми нэхъ кууэ, зэпкърыхауэ тетхыхьын гуэр ди лъэпкъым къахэкIмэ, икъукIэ ди гуапэщ, Тхьэм къеригъэхъулIэ!

# ЛIыхъужьым фадэбжьэ хуаIэт



ЭМАНУЭЛЬ ЩIэныгъэхэмкIэ академием хэтхэм захуигъэзат, Кавказ Иным и щыгум ухуэзышэ лъагъуэ шынагъуэншэхэр хишын и мураду. Академием Эмануэль и жэрдэмыр диIыгъащ, икIи, а зэманым Урыс пащтыхьу щыта Николай Езанэм хуит ищIа нэужь, Кавказым къагъэкIуат Урысей щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Ленц Эмилио (Коцебу и гъусэу дуней псор къызэхэзыкIухьауэ щыта, иужькIэ физикэмкIэ зэригъуазэ лэжьыгъэхэр зытхар), физикэ, химие щIэныгъэхэмкIэ профессор Купфер Адольф, Бытырбыху дэт ботаникэ жыг хадэм и унафэщI Мейер Карл, этнолог цIэрыIуэ Менетрие Эдуард сымэ.

* * *

КЪУРШЫЩХЬЭ уэсылъэхэмкIэ къиIукIырт гур зытхьэкъу макъ зэхуэмыдэхэр. Псатхьэ лъапIэм и уэрэд гуакIуэр - бгы абрагъуэм тепщэгъуэ гъащIэр зыIыгъхэм затригуашэрэ абыхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр игъэжабзэу Тхьэ лъапIэм хуэгущIэгъулыуэ щытыным къиухуриджэхэу. Абы хэту пшагъуэ нэщхъыфIэхэр уэгум ибзэхыкIащ, къурш уэсылъэхэм я щыгум налкъутналмэсым хуэдэу уIуплъэ хъуащ, псынэ Iэсэ цIыкIухэр зэщIэушащ, удз епэрхэм, IэфIыгъэкIэ гур ягъэIурыщIэу, акъужь къабзэхэр ягъэнщIырт. Я адэ жьакIэху Псатхьэ лъапIэм и макъыр зэхихакъым. Ищхъэрабгъу лъэныкъуэмкIэ щыплъэм, абы къилъэгъуащ жьым зэрихьэу, дыгъэм пэлыду къуршыщхьэм хуэкIуэ зекIуэлIхэр...

* * *

IУАЩХЬЭМАХУЭР - ар уэсылъэ къум щIыпIэ абрагъуэщ. Уэри щIыри щызэхэзэрыхьыжа зэманым, хы хьэлэмэтхэмрэ материк телъыджэхэмрэ къыщыунэхуащ, щIыкъатиблым къыщIэкIыу дунейм къытехьауэ. ЩIым и гъунэхэм гъащIэ щыIэщ. Iуащхьэмахуэ щыгу зы псэущхьи ущрихьэлIэркъым. Къурш псынэ фIэщыгъэцIэр абы куэдкIэ нэхъ йозэгъ Псэншэ зыфIаща Асфальт гуэлым нэхърэ...

Шэджагъуэ хуегъэзщэкI щыхъум генералыр пщыIэм къытехьэжащ икIи щIэныгъэрылажьэхэм я гъусэу чэруаныр зыхуеинухэмкIэ къызэригъэпэщу щIидзащ. **Гупым хэтт къэзакъ тIощIрэ зы адыгэрэ**, **Хьэшыр Чылар и цIэу**...

* * *

...ЦIЫХУИЩЫР, пшагъуэм хэкIуэдам ещхьу, бзэхащ, еплIанэм нэхъри лагэу зиIэтырт икIи абы и Iэпкълъэпкъ уардэр Iуащхьэмахуэ и щыгум къыщыхутащ. **КъызэрыщIэкIымкIэ ар адыгэ лъэпкъым къыхэкIа**, **Налшык къыщалъхуа Хьэшыр Чыларт**. Абы хэту, уэри щIыри къигъэдаIуэу фочышэ макъхэр Iуащ. ЛIэщIыгъуэ куэдкIэ щыму къекIуэкIа къурш джэрпэджэжхэр зэщIэушэу хуежьащ.

* * *

ЗЕКIУЭЛIХЭР къуршым къехыжа нэужь, Эмануэль генералым санэхуафэ ин зэхиублат. Абы кърихьэлIат Къэбэрдейм, Къэрэшейм, Урысейм, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыщхэри Iэнэм пэрысхэм ирафырт Iуащхьэмахуэ и уэсымкIэ ягъэщта фадэ «псынщIэхэр». Япэ фадэбжьэмрэ хъуэхъумрэ хуаIэтащ зи узыншагъэр быдэ хъуну я гуапэ Урысей щIэныгъэм и тепщэгъэр зыIыгъ тажзехьэ, пащтыхь Николай Езанэм. Макъамэ зэрамыIэм къыхэкIыу, хъуэхъум фочышэ макъхэр щIэувэрт. **ИужькIэ фадэбжьэр хуаIэтащ генерал Эмануэль**, **гупым хэта щIэныгъэрылажьэхэм**, **адыгэлI Хьэшыр Чылар**. Хъуэхъу тражыIыхьырт Iуащхьэмахуэ Урысей пащтыхьыгъуэ и хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщ зэрыхъуами...

Шэджагъуэ нэужьым Чылар саугъэт лъапIэ иратащ, къызэхуэсахэм я Iэгуауэшхуэр щIэту. ИужькIэ тыгъэхэр хуащIащ зекIуэм хэта бгырысхэм.

Урысхэр Iуащхьэмахуэ зэрыщыIар игъащIэкIэ тхыдэм къыхэнэн папщIэ, Эммануэль унафэ ищIащ къурш джабэ нэкIум мыпхуэдэу тратхэну:

«Урысей пащтыхь Николай Езанэм и тепщэгъуэ лъэхъэнэм, 1829 гъэм и бадзэуэгъуэм и 20 - 23-хэм мыбдеж щытащ Кавказым дзэзешэу щыIа, генерал Эмануэль Георгий игъэува пщыIэр. Абы щIыгъуащ илъэс 14 зи ныбжь и къуэ Георгий, Урысей правительсвэм и лIыкIуэ академикхэу Купфер, Ленц, Менетрие, Мейер, щIэныгъэрылажьэхэу Вансович, Бернардацци Иосиф, Иван де Бессе...». **Iуащхьэмахуэ и щыгум нэсыну зыхузэфIэкIар адыгэлI Хьэшыр Чылар и закъуэщ. Мы тхыгъэр зытетха къурш мывэм къэхъуну щIэблэм хьэкъ ящрещI къыпхуэмыгъэIущIэну ялъытэу щыта Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур япэу хэзыша цIыху щыпкъэхэм ябгъэдэлъа лIыгъэр!**»

*(Потто В. А.: «Кавказ зауэ». Тхыдэ лъэужь. Т.5)*

## Чыларым я щIэблэр



Альберт



Анатолэ



Артур



Заурбэч



Юрэ



Леонид

# 1914 Адыгэ литературэм и вагъуэ

## Къэбэрдейм и къуэ пэж



**Алим мы дунейм ехыжыну зэи сигу къэкIыртэкъым. Мо дыгъэм, мо мазэм, мо Iуащхьэмахуэ е Урыхужь ещхьу, игъащIэкIэ псэун къысфIэщIырт. Ар зытемыт дунейр дуней нэпцIу къэслъытэрт. Алим къыпщхьэщымытмэ, мы дуней цIэнтхъуэрыгъуэм утетынри шынагъуэ хъурт. Абы и жьауэм ущIэту утхэнри уи лъэпкъым ухуэлэжьэнри дэрэжэгъуэт. Алим диIэмэ, ди лъэпкъыр хэутэн яхуэщIынкъым, жиIэрт си псэм. Алим псэумэ, ди литературэм и пщIэри яхуеудыхынкъым. Алим къытщхьэщытмэ, ди бзэри яхуэгъэгъункъым...**

АТIЭ НОБЭ адыгэлI щэджащэр зыхэмытыж лъэпкъыр дымыгуIэмэ, хэт гуIэпхъэр? Сэри зысхуэмыубыдыжу согуIэ, абы и шыпхъухэр, и къуэшхэр зэрыгуIэм хуэдэу. Ярэби, абыхэмрэ сэрэ нэхъыбэ зыфIэкIуэдар хэту пIэрэ? - жызоIэ. Абырэ дэрэ дызэкъуэшуи дызэныбжьэгъууи щытакъым, абы и кIуэгъужэгъухэми сахэтакъым, зыгуэр зыхуищIахэми сащыщакъым. Ауэ сэ къэсщIэжым ар си Iустазу, си узэщIакIуэу щытащ. Иджы сызоплъэкIыжри, слъагъур сыт? КIыщокъуэм ижь къысщIихуамэ, сэ литературэми щIэныгъэми щызлэжьар нобэ зэрыщытым нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъахъшэ сфIэхъунут. Сэ нэхърэ нэхъыжьхэми си ужькIэ къалъхуахэми - ар тхакIуэ щIы, е щIэныгъэлI щIы, е тхылъеджэ щIыи - зы цIыху къахэпшыфынкъым Алим и дыгъэ къытемыпсауэ, гупсысэ телъыджэ къримытауэ. ЩоджэнцIыкIу Алий и ужькIэ лъэпкъым гупсысэ и IуэхукIэ игъуэта зыужьыныгъэр Алим хуэдэу зыгъэкIуэтэфа сэ сцIыхуркъым.

«Шум и гъуэгу» тхылъыр къызэрыдэкI лъандэрэ усакIуэ щэджащэм псалъэ куэд гъащIэ гъуазэ схуищIащ, а псом къахэлыдыкIыу си гум къинар «Насып мыухыр зи гуращэр Махуэл и гъуэгум щыхуэмей» жыхуиIэращ. Ар сэ ноби си девизщ.

Лирикэрэ романкIэ КIыщокъуэм япэ ищын къытхэкIакъым. Сэ абы къизгъэкIыркъым адыгэ литературэм и шу пашэм итха псори зэхуэдэу, ауэ тхакIуэм и пщIэр къэзыгъэлъагъуэр и текIуэныгъэхэращ. УсакIуэр къуршым ебгъэщхьмэ, жыпIэ хъунщ Алим ауз куухэри уэгум щIэуэ Iуащхьэхэри и куэду. Абы и Iуащхьэ нэхъ лъагэхэр къыубжэкIыну ухуежьэмэ, напэкIуэцI Iэджэ ящтэнущ усэхэм, поэмэхэм, романхэм. Сэ куэд щIауэ сыщIохъуэпс КIыщокъуэм иуса псоми сахэщыпыхьу, усыгъэ курыххэр тхылъ щхьэхуэу къыдэзгъэкIащэрэт жызоIэри. Апхуэдэ тхылъым къигъэлъэгъуэнт усакIуэм и щэджащагъэр - ар хым хуэдэу зэрыкуури, Iуащхьэмахуэ, уеблэмэ Джомолунгмэ хуэдэу зэрылъагэри... Апхуэдэр тхылъышхуэ щIын хуейкъым, абы хэгъэхьапхъэр уэгум щIэуэхэращ.

Сэ шэч къытесхьэркъым, апхуэдэ тхылъ къабзэ къыдэкIмэ, лъэпкъыр абы зэрыщыгуфIыкIынум, лъэпкъым ар дамэ зэрыхуэхъунум. Ауэ ар зигу иримыхьын гуэрхэри щыIащ, иджыри щыIэщ. Сэ зи гугъу сщIыр «Нал къута» романыр хэутэн зыщIыну, езы щэджащэр езыудыхыну хэтахэращ. ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, парт собранэ диIэми, учёнэ совет диIэми, КПСС-м и обкомым никIырти, даIимауэ зы къулыкъущIэшхуэ накIуэрт аби, парт Iуэхуи тепсэлъыхьыртэкъым, щIэныгъэ Iуэхуи зэрихуэртэкъым, лъэкI къимыгъанэу КIыщокъуэм тритхъуэ мыхъумэ: «КIыщокъуэм адыгэр дигъэпудащ, ди напэр трихащ, дызэрыщымыту дунейм дытригъэIуащ», - жиIэрти щIэкIыжырт. Ауэ щIэныгъэлIхэм ящыщу зы цIыхум диIыгъакъым абы и псалъэ мышухэр.

Сэ фIы дыдэу сощIэж: цIыху къызэрыкIуэ мыхъуу, къулыкъущIитI-щы уэрамым, утым е паркым щызэхуэзамэ, тхакIуэшхуэм хущIэджэу ирагъажьэрт, Къэбэрдей-Балъкъэр тепщэм хуэIужажэу.

Хьэдэгъуэдахэ дыдэу екIуэкIар ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и залышхуэм щызэхуагъэса зэIущIэрт. Обкомым и унафэкIэ абы кърашэлIат тхакIуэхэр, артистхэр, журналистхэр, къулыкъущIэхэр, пенсионерхэр. Ар иригъэкIуэкIыну зи пщэ далъхьа Къайсын партократхэм я мурадыр къадищтакъым: «Сэ си цIэр къезгъэгъэсэбэпынкъым Алим ягъэпудыну зи гугъэхэм», - жиIэри. КIыщокъуэм и телъхьэу абы къыщыувар лIищ къудейщ: Сокъур Мусэрбий, ХьэIупэ ДжэбрэIил, сэ. Дэ ди псалъэр зэхуэсахэм IэгуауэшхуэкIэ ящтащ, залыр ягъэзэджызджу. Зыгуэрхэр ди псалъэм дыхущIрагъэгъуэжыну хэтащ, арщхьэкIэ дакъыхуэгъэшакъым, лъэпкъыр КIыщокъуэм пагъэувын зэралъэмыкIам ещхьу. ТхакIуэм роман гъуэзэджэ къехъулIамэ, цIыхур абы ирогуфIэ, ирогушхуэ: ар зи жагъуэр лъэпкъым гуэкIауэ аращ, сыт хуэдэ къулыкъушхуэ иIыгъми. ТхылъыфIым лъэпкъыр иIэт мыхъумэ, игъэпудынкIэ Iэмал иIэкъым.

КIыщокъуэр обкомым хуиудакъым. Пэжыр текIуэри, и тхыгъэхэр томиплIу, «Нал къутари» хэту, Москваи (1981 - 1982) Налшыки (1984 - 1986) къыщыдэкIащ. ЛIыхъужьым и Дыщэ Вагъуэри и бгъэм къыхалъхьащ. Абы и ужькIэ тхылъ телъыджэхэр итхащ («Вагъуэ махуэ», «Лъапсэ», «Хъыбархэр», нэгъуэщIхэри).

Къэбэрдейм и къуэ щэджащэр щыщIалъхьэ махуэм абы цIыхуу некIуэлIар икъукIэ сфIэмащIэщ. Лъэпкъым хуэзмыгъэфащэу сфIэмащIэщ. Апхуэдэ гуауэшхуэ хэкум къихъуауэ уи щхьэ Iуэху - си щхьэ Iуэху щыIэт? Сэ си гугъат лъэпкъым и зэхуэдитIыр къызэхуэсыну, арщхьэкIэ а зэхуэдитIыр бэзэрым, лэжьапIэм кIуащ е телевизорым бгъэдэсащ.

Андемыркъаныр щаукIым, ари ягъэпудыну зыгуэрхэм я гугъащ, арщхьэкIэ илъэс щиплI хъуауэ абы и цIэр лъапIэу дунейм тетщ.

КIыщокъуэ Алим и цIэри и тхыгъэхэри мыкIуэдыж фIыгъуэу дунейм тетынущ. Адыгэбзэр псэухукIэ, ари псэунущ.

Адыгэхэм УзэщIакIуэ Iущу диIа Алим, уэ уи адэ-анэм я пащхьэ напэ хужькIэ уихьэжащ. Уэ уи пащхьэм напэ хужькIэ нихьэжын Тхьэм дэри дищI!

Алим ещхьу «си гъащIэ ябгэр щызухынум шы жэр сытесу среух» сэри!

**НАЛО Заур**,
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ.*
*2009 гъэ*

## Лъабжьэ быдэ



**КIыщокъуэм цIыхур егъэлеяуэ фIыуэ елъагъури, арагъэнщ езыри псом я щхьэу фIыуэ щIалъагъур. Абы и гъащIэ уэрыр, и тхыгъэхэм куэдрэ къыхигъэщ адыгэш шагъдий цIэрыIуэм тесу зэпич гъащIэшхуэ гъуэгуанэр гъэнщIащ цIыхубэм и насыпым щIэбэнынымкIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ хуабжьу шэрыуэу итхащ критик, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Сокъур Мусэрбий: «КIыщокъуэ Алим сыт хуэдэ тхыгъэ и Iэпэм къыщIэкIми, дапхуэдэ Iуэху илэжьми, и гуащIэдэкIым, жыр гъэплъакIэ традзам хуэдэу, дамыгъитI телъщ: лIыгъэрэ акъылрэ. Ауэ а тIур цIыхубэм и щIыхьыр къэIэтыным емыпхамэ, тхакIуэм зыуи къридзэркъым, сыту жыпIэмэ жыгым я нэхъ дахэри фаджэ мэхъури мэгъуж, къэзылъхуа щIым абы и лъабжьэхэр къыхэптхъмэ...».**

ТХАКIУЭШХУЭМ цIыхур фIыуэ елъагъу жытIащ. Ауэ абы езым и лъагъукIэ, цIыхум и еплъыкIэ иIэжщ, армыхъумэ зэрыцIыху къудейм и хьэтыркIэ псори зэхуэдэу илъагъуркъым. И тхыгъэ Iэджэми къызэрыщигъэлъагъуэм хуэдэу, дунейм щытетым деж зыхэт цIыхухэми ар йоплъ дэтхэнэми зэрыхуэфащэм, къызэрилэжьыфым хуэдэу. Алим къомыпсалъэу къыщоплъым деж дыди зыхуейр къыбжеIэф. Езым и зыIыгъыкIэмкIэ, дуней тетыкIэмкIэ, и цIыху хэтыкIэмкIэ абы уэри фIым, дахэм, тэмэмагъым, нобэрей гъащIэм декIу цIыху пашэм и хьэл-щэнхэм ухуеузэщI. Алим пIащIэ зэпытщ, аращ шы жэр щIыхуейри, ауэ зэи зихъунщIэркъым, ихъу-илъкъым, атIэ Iуэхур шэщIауэ еIыгъыф, гупсэхуу зэпещIэф.

Зыхалъхуа лIэщIыгъуэм гу хьэлэлрэ псэ къабзэкIэ гуащIафIэу хуэлажьэу, лъэпкъ литературэм лъабжьэ быдэ хуэзыгъэтIылъа лIыфIхэм ящыщу пцIыху Алим ущыбгъэдэт къудейкIи нэмысышхуэ, фIэлIыкIыныгъэ хубощI. Ауэ езыр уи ныбжьэгъу къызэрыгуэкI гуэрым хуэдэу икIи къыбдэуэршэрынщ, икIи къыбдэгушыIэнщ, и гурылъхэри къыпхуиIуэтэнщ, нэмысым, щIыхьым нэсынщи, гъащIэм и гъуджэми наIуэу уригъэплъэнщ.

Гъуэгуанэ кIыхь зэпызыч шум уэлбани къытохъуэ, ар къуэ кууми хуозэ, задэми докI. Дэ тщIэркъэ - бгы лъагэм уэс къабзэр тесэ къудейкъым, борэни тохъуэри, мылу зэщIощтхьэ. Ауэ езыр и пIэм икIыркъым, и хьэл ихъуэжыркъым, дыгъэри топсэж. Апхуэдэщ гъащIэм и гъуэгуанэ мытыншыр лIыгъэ хэлъу зэпызыч цIыхур. «Насып щIэкъуныр арщ насыпыр» жызыIа Алим ещIэ уцIыхуныр зэрынасыпым къыдэщIыгъуу, уцIыхуныр зэрыгугъури. Дауи, дунеижьыр акъылкIэ зыщ, цIыхупсэр гъащIэм и кхъузанэмкIэ зыухуэнщI тхакIуэшхуэм фIыуэ ещIэ насыпымрэ ар уиIэным гугъуехьу пылъымрэ я уасэр зыхуэдизыр. Аращ Алим къару мыкIуэщI иIэу щIэлэжьэрейр.

Адыгэ тхакIуэр нэху мыщу Москва къалэшхуэм къыщоушри и стIолым бгъэдотIысхьэ, дунеишхуэм йогупсыс, и адыгэ хэку цIыкIур и гум илъщ, и сабиигъуэр зи щIагъ щрихьэкIа кхъужьей жыгыжьыр и псэм щегъафIэ. Матхэ, мэлажьэ, гугъу зрегъэхь, зрегъэхь егъэлеяуэ, зримыгъэхьын лъэкIыну пэтми... ГъащIэм и уасэр зыщIэ лIым ещIэж гугъу зыщIригъэхьыр. ЕщIэж езым хуэдэ тхакIуэ куэд а къэмыуша къалэшхуэм зэрыдэсыр, ещIэж езым хуэдэ куэд зыхэплъэ дунеишхуэм зэрытетари, зэрытетри, къызэрытехъуэнури. Ауэ псэху имыIэу мэлажьэ, езыр зыхуэдэ куэдым ящыщ зыми езыр емыщхьын, хэмыгъуэщэн, зэры-Алиму къэнэжын папщIэ.

Ди адыгэ тхакIуэхэм я шу пашэ КIыщокъуэм и Iэдакъэ къыщIэкI дэтхэнэ тхыгъэфIми и лъэпкъыр, тхылъеджэ псори щогуфIыкI. Алим и усэхэм ящыщ зым зэрыщитхащи, дэтхэнэ мэкъумэшыщIэри щIым и пащхьэм зэрыщыжэуаптакIуэм хуэдэу, дэтхэнэ усакIуэри къэрал псом и пащхьэм щыжэуаптакIуэу къелъытэ. Ар зи гурылъу емышу лажьэ тхакIуэшхуэм и лъэпкъ цIыкIур дяпэкIи тхыгъэщIэ хьэлэмэтхэмкIэ зэригъэгуфIэфынум шэч хэлъкъым.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд**.
*1994 гъэ*

## Нэхъ псалъэ хъарзынэхэр



**Псалъэ гуапэхэр, гурыщIэ Iэджэр, хъуэхъу дахэхэр гъунэжщ. ТхылъымпIэм ирижэну хьэзыр хъуа къалэмыр сIыгъщ зыIэщIэзмыгъэкIыу, тхэну сфIэлъэпIастхъэу. Си псэм къепщIа гуапагъэ Iэджэм сахощыпыхьыж гукIэ. Нэхъ псалъэ хъарзынэ дыдэхэр къыхэсхыурэ, удз Iэрамэу зэхэслъхьэну сыхэтщ. АбыкIэ сыхуэупсэнут Алим, ди адыгэ тхакIуэшхуэм, ди гъуазэм, ауэ, бетэмал, си гухэлъ псори кърисIуэтэну згъуэтыркъым сызыхуей псалъэхэр.**

СЫЩЫСЩ, къалэмыр сфIэлъэпIастхъэу. Сыдоплъ щхьэгъубжэм. Дунейр нэщхъыфIэщ. Жыгхэр къакъутэ пхъэщхьэмыщхьэм - Алим и IэдакъэщIэкIхэм хуэдэу ахэр берычэт нэщэнэщ. ЖьакIэху хъужауэ, къуршхэр дыгъэм полыд, къыпыгуфIыкIхэу къыпщохъу. Алим изогъэщхь абыхэм я нэхъ лъагэр, я нэхъ уардэр, я нэхъ бжьыфIэр. Ди Iуащхьэмахуэщ КIыщокъуэм и фэр куэд щIауэ зэсплъыр. Апхуэдэу уардэу, бжьыфIэу Алим къахотэджыкI ди бгырыс тхакIуэхэм. Абы и усыгъэхэр налкъут щыгъэу щызэщIопщIыпщIэ адыгэ поэзием. Алим и романхэм къахотэджыкI зэи уигу имыхуж образхэр - цIыху зэхуэмыдэ Iэджэм я хьэл-щэнхэр, я дуней еплъыкIэхэр, я псэукIэр къызыщыгъэлъэгъуахэр.

КIыщокъуэм и романхэр революцэмрэ абы и ужькIэ екIуэкIа гъащIэмрэ я гъуджэшхуэщ. Мыкъутэжын икIи темыкIыжын гъуджэщи, къэхъуну щIэблэхэр абы иплъэмэ, илъэс блыщIым ди цIыхухэм я псэукIар щалъагъунущ. Ялъагъу къудейкIэ къэмынэу икIи игъэгулэзынущ... Зыщ щIигъэгулэзынури: иджыпсту ежауэ нэгъуэщIхэм сэтей къащIыж пэж шынагъуэр, япэм яхужымыIар е жаIэну зрамыкуар - псори щышынэ зэманым Алим пэжыр жиIэфырт. Абы текIуэдэжи пэтащ. ЗыгъэкIуэдыну хэта жагъуэгъухэми ящыщ куэд псэущ, пцIы супсмэ, ядэнкъым.

Сэ къызолъытэ: зэманым декIуракъым, зэманыр зыхуэдэр наIуэ къэзыщIыфыращ тхакIуэр. ТхакIуэшхуэщ, тхакIуэ нэсщ Алим. ПэжымкIэ пцIым и нэр изыщIыфу псэуа тхакIуэщ, зи напэм зэи емыпцIыжа цIыхущ. Абы и гъащIэр, и тхыгъэхэр, и дуней тетыкIэр узыдэплъеинкъэ, Iущ узэрыхъункъэ, дерс къызыхэпхынкъэ! Мыр си фIэщ мэхъу: уахътыншэщ КIыщокъуэ Алим. Абы и тхыгъэ нэхъыфIхэр лIэщIыгъуэ куэдкIэ псэунущ, дэтхэнэ щIэблэми акъыл къыхихыу.

**МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ**,
*Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цIыхубэ тхакIуэ.*
*Мейкъуапэ къалэ*

## Къурш псынэм и даущым хуэдэ

**Уеплъ пэтми, защыбгъэнщIыркъым уэгум ис вагъуэхэм: зищIысыр къыпхуэмыщIэ къару хьэлэмэт гуэркIэ узыIэпашэ абыхэм, уатхьэкъу, уи нэр къытепчыфыркъым жэщ бзыгъэм и уафэ джабэм къыщыблэ вагъуэ лыдхэм. Алим и усэми апхуэдэ къару хэлъу къысщохъу: седжэ пэтми, зыщызгъэнщIыркъым, дапщэщи сфIэщIэщыгъуэщ, вагъуэ хуэдэ къыщоблэ ар си гущIэлъапсэм.**

ФЫЩIЭДЭIУТ Алим и усэхэм я макъамэм: зэхэпхынущ къурш псынэм и даущыр, пщIащэм и щхъыщхъ макъыр. Алим и усэхэр уи гум къохуэбылIэ, уи псэм къодэхащIэ, зэи утезашэркъым абыхэм, уеджамэ, гукъинэ мэхъури, къыбдогъуэгурыкIуэ, узэщIаIэтэу, уагъэгушхуэу, фIымрэ насыпымрэ ухураджэу.

Куэд щIащ Алим ныбжьэгъу сызэрыхуэхъурэ. Сэ срогушхуэ ди ныбжьэгъугъэм, ар сыхуэсакъыуи сохъумэ. ГъащIэр къыщыстехьэлъэм деж Алим и усэр чэнджэщэгъу схуохъу сэ. Абы и псалъэ Iущхэм дамэ къыстрагъакIэу къысщохъу.

Гъуэгуанэ куэдрэ дызэдытехьащ КIыщокъуэмрэ сэрэ. Гъусэ сыхуэхъуху, согъэщIагъуэ адыгэлI Iущым хэлъ цIыхугъэмрэ гуапагъэмрэ. Къэзылъхуа лъэпкъым хуэфащэщ Алим. Адыгэм и пщIэмрэ и щIыхьымрэ лъагэ дэхъуащ КIыщокъуэм и гуащIэдэкIым.

**АХМАТОВЭ Раисэ**,
*шэшэн усакIуэ.*
*Грозный къалэ.*
*1989 гъэ*

## Шу

КIЫЩОКЪУЭМ и творчествэм зэпымыууэ дызыщрихьэлIэ шум и образыр кууэ икIи гъунапкъэншэу зэрыщытыр къыдгурыIуэн хуейщ: ар зэщхьыр увыIэгъуэ зимыIэу кIэрахъуэ дунейращ, ауэ щыхъукIи нэр темыпыIэу гъуэгум тетщ а шур, ар зэрымыувыIэм хуэдэу, езы усакIуэми и акъылымкIэ, и псэмкIэ къигъэщI лIыхъужьхэми увыIэгъуэ яIэкъым. Ахэр къэувыIэмэ, дунейр, гъащIэр псэншэу я пIэм къина пэлъытэщ.

Апхуэдэ гупсысэращ КIыщокъуэм и шум дызыхуишэр.

**АЛЕКСЕЕВ Михаил**,
*урыс тхакIуэ.*
*Москва къалэ.*
*1974 гъэ*

## Жыжьэ уноплъыс



**Зы лъагапIэм и щыгу къихутакIэ, цIыхум и гур пыIэркъым - ар лъагапIэщIэхэм хуэпабгъэ зэпытщ. Апхуэдэу къигъэщIащ цIыхур - и пIэм изэгъэнукъым, и гур здэплъэм и лъэр нэсыху. УсакIуэри аращ: щIэмычэу хуопабгъэ ар лъагапIэщIэхэм, ещIэ гъуэгум махуэл щищI зэрымыхъунур...**

КIЫЩОКЪУЭ Алим и тхылъыщIэ седжэху, абы семыгупсысын слъэкIыркъым. Алим и къалэмыпэм къыщIэкI дэтхэнэ тхылъри лъагапIэщIэу къысщохъу сэ. Алим и зы тхылъи къыдэкIакъым, семыджэуэ. Седжащ, зыщызымыгъэнщIу, ар зи Iэдакъэ къыщIэкIам семыфыгъуэ, ауэ сехъуапсэу, нэхъыфIыж къехъулIэмэ, си гуапэу. Алим и тхылъыщIэ седжамэ, Iуащхьэмахуэ и щыгу сыкъихутауэ къысфIощI дапщэщи. Iуащхьэмахуэ и щыгу уитмэ, жыжьэ уноплъыс, къуршыбгъэ ухъуауэ къыпщохъу. Алим и тхылъхэр Iуащхьэмахуэ еплъыт хъун лъагапIэщ дэтхэнэри.

**КУГУЛЬТИНОВ Давид**,
*Къалмыкъым и цIыхубэ усакIуэ.*
*Элиста къалэ.*
*1994 гъэ*



КIыщокъуэ Алимрэ Хрущёв Никитэрэ. *1963 гъэ*

## Зэманыр пэлъэщыркъым



**Алим и япэ усэ тхылъыр 1941 гъэм дунейм къытехьащ. Ар къыздиштэри, зауэм Iухьауэ щытащ усакIуэр. Абы и ужькIэ Алим и къалэмыпэм къыщIэкIащ усэ тхылъ Iэджи, роман зыбжани. Нобэ хэт дежкIи Iупщ Iщ КIыщокъуэм и IэдакъэщIэкI тхыгъэхэм зэманыр зэрыпэмылъэщар: ар ди лъэпкъым хуэупсащ нэр темыпыIэу зызыужь етIощIанэ лIэщIыгъуэ хьэлъэм и гупсысэ пашэхэмкIэ гъэнщIа, зи художественнэ къарур кIуэ пэтми къебл, зэманым къигъэув упщIэхэм я нэхъ куум жэуап зыщагъуэт тхыгъэ телъыджэхэмкIэ.**

АЛИМ и усэмрэ и прозэмрэ адыгэ художественнэ гупсысэр фащэщIэкIэ зэраузэдар, абы и кууупIэм, и уэрыпIэм, и гуащIапIэм унэзышэс къару а усэмрэ прозэмрэ зэрабгъэдэлъыр хэт дежкIи IупщIщ.

КIыщокъуэм и усыгъэхэм, и роман гъуэзэджэхэм яубзыхуащ зауэ нэужь илъэсхэм гъуэгуанэщIэ техьа къэбэрдей литературэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэмрэ и хабзэхэмрэ. Нобэрей ди литературэм и лъэпкъ фащэхэр, абы къыпэплъэ зыужьыныгъэм и гъэзапIэхэр зыубзыхуар, псом япэрауэ, КIыщокъуэ Алимщ.

КIыщокъуэм и къалэмым къигъэщIа дэтхэнэ образри къулейщ, сыт хуэдэ гугъуехьми банэурэ пхыкIыф, ар къарурэ гуащIэкIэ зуплIэнщIыф цIыхущ Алим ди пащхьэ кърígъэувэр - абы дыдригъэплъеин, щапхъэ трыдигъэхын щхьэкIэ. Алим и усэ пасэхэм къыщыщIэдзауэ, щIэщыгъуэщ а образыр, дапщэщи пфIэхьэлэмэтщ абы и гурыгъу-гурыщIэхэм, и IуэхущIафэхэм, и хъуэпсапIэхэм уакIэлъыплъыныр. ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэ зэрыхьзэрийм и архъуанэ Iэджэм ущрохьэлIэ а цIыхум, дэнэ ущрихьэлIэми, уетхьэкъу и псэм хэлъ мафIэмрэ и гурыщIэ гъунапкъэншэхэмкIэ. А цIыхур Алим и усэм дапщэщи щыщIэщыгъуэщ, щыкъулейщ. Апхуэдэ цIыхущ мыпхуэдэ псалъэр зи гущIэм къиIукIар:

**Махуэ екIуэкIым сыпIащIэу,**
**ХуэзэIузощэ сэ данэ.**
**ГъащIитI къалэныр зы**
**гъащIэм**
**ЗэфIэдгъэкIыну добанэ.**
**Къарум къыхохъуэ,**
**Зэм хощIыр.**
**Сэ сщIэн си гугъэм и ныкъуэ**
**СымыщIэфауэ къысфIощIри,**
**Абы ирохъур сигу ныкъуэ...**

Апхуэдэущ Алим дунейм зэрытетар - ищIар фIэмащIэрэ нэхъыбэм хуэпабгъэу. ИщIамрэ хузэфIэкIамрэ езым фIэмащIэми, дэркIэ фIыгъуэ мылъытэщ абы къызэринэкIа дэтхэнэ тхыгъэри. Апхуэдэ тхыгъэщ Алим и романхэр - ди лъэпкъым иужьрей илъэсищэм къикIуа гъуэгуанэ хьэлъэм и тхыдэщ ахэр.

КIыщокъуэ Алим и зы романи дунейм къытехьакъым псалъэмакъ ирамыщIэкIауэ. Сыт хуэдиз дэуэгъу иIа, псалъэм папщIэ, «Хъуэпсэгъуэ нурым» - Алим и япэ романым! Къэхъуами къэхъунуми «щыгъуазэхэм» тхакIуэр ягъэкъуэншауэ щытащ лъэпкъыр зэзыуштыжа революцэм «хэлIыфIыхьа» гуэрым пцIы трилъхьауэ ялъытэри. Апхуэдэ псалъэмакъ иращIэкIащ «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэми». «Пэжым темыплъэкъукI плъырхэр» къэзыгъэчэпар «Нал къутарщ» - щIэх ужьыхакъым а романым иращIэкIа псалъэмакъ мыфэмыцыр, «гупкIэм ис» куэд ираущтауэ щытащ абы, еджари емыджари ирагъэбэнащ. Абы къыщызэтенакъым, псалъэмакъым фIэкIри, «унафэ» тращIыхьащ романым. Апхуэдэ зэманщ КIыщокъуэ Алим и романхэр дунейм къыщытехьар: лъэбакъуэ лей пчы щымыхъу, цIыхур и жьэм «хуэсакъын» хуейуэ щрахулIа зэманщ. «Гупсыси, псалъэ, зыплъыхьи, тIыс» псалъэжьым шэч хуащI щыхъуа зэмант ар, упсэлъэн и пэ умыгупсысэмэ, «утIысын-ри» зыхуэIуа щыIэтэкъым...

Алим и дэтхэнэ тхыгъэри гъэнщIащ гупсысэр зыгъэлажьэ, гъащIэмрэ зэманымрэ я кууупIэр зи лъабжьэ псалъэмакъкIэ. Тхыдэр игъэбатэми, нобэрей дунейм и шыфэлIыфэр, и зэхэлъыпIэхэр, и унэтIыпIэхэр игъэнахуэми, КIыщокъуэм и къалэмым цIыхум и гущIэлъапсэр къызэрегъэдзэкIыф, абы и фэм дэкIымрэ и гум щыщIэмрэ ди пащхьэ кърелъхьэф.

Алим и тхыгъэхэращ къэбэрдей литературэм и цIэр къэрал псом щызыгъэIуар - ар хэт дежкIи гурыIуэгъуэщ, нэрылъагъущ. Ди литературэр зи лъабжьэр куу, зи пщIэр лъагэ художественнэ хъугъуэфIыгъуэ хъуамэ, ар, псом япэрауэ, зи фIыщIэр КIыщокъуэ Алимщ. Шэч хэлъкъым: мэзым зы жыг закъуэ фIэкI щIэмытамэ (ар сыт хуэдизкIэ абрагъуэми), абы мэзкIэ еджэнтэкъым. Алим ящыгуфIыкI зэпытащ ди литературэм къыщIэтаджэ щIэблэхэм, лъэкI къигъэнакъым, ахэр иущиин, гъуэгу захуэ тригъэувэн щхьэкIэ. Ди литературэм нобэ щылажьэ дэтхэнэри къыщIэтэджащ шу пашэм и щапхъэм.

Щапхъэ хъун мащIэ къызэринэкIакъым КIыщокъуэ Алим. Къалэмыр нобэ зыгъабзэ дэтхэнэми и къалэнщ ди литературэм лъэбакъуэщIэ иригъэчыныр. Алим щIэблэм къахуигъэна уэсятщ ар - шу пашэм и гъуэгум зэрыпащэн гуащIэрэ зэфIэкIрэ зыбгъэдэлъырщ, абы щIэкъурщ КIыщокъуэм и щапхъэм, и фэеплъым хуэфащэ щIэблэр. Ди лъэпкъ щэнхабзэм и пщIэр лъагэ зэрыхъунырщ тхакIуэ щэджащэм и ужь къина псори зыхуэлэжьэн хуейр. Ар зыхузэфIэкIын щIэблэ къыщIэхъуэнырщ КIыщокъуэ Алим хъуэпсапIэрэ плъапIэу иIар.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**.

# КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр 2019

## ТIури дыщыщщ Шэджэм



**Алимрэ сэрэ лэжьыгъэкIи ныбжьэгъугъэкIи гъунэгъу дыдэ дызэрызэхуэхъурэ куэд щIащ. Ди сабиигъуэри щытхьар зы псыхъуэщ, зыпсщ дызэфар, бгыщхьэм диплъэмэ, зы къуршт тIури дызыIуплъэр, зы пшэ гуэрэнщ уафэм щытлъагъуу щытар. Зауэм и зэманым, дызэрихьэлIэри, зауэлI гъуэгуанэ зэдэткIуащ, зы цей ттеубгъуауэ, жэщ мащIэ щитхакъым зэуапIэ губгъуэм.**

ЗАУЭМ и мафIэр къыджьэхэлыдэу, Индыл Iуфэ дыщежьэри, Дон губгъуи къызэднэкIащ дэ, Донбасс хуит къэзыщIыжахэми дахэтащ, Перекоп деж дыщызэуащ, Сиваш дызэпрыкIащ. Зы щIакхъуэ Iыхьэ зэдэтшхащ абы щыгъуэ Алимрэ сэрэ, зы тутын дызэдефащ... Гугъуехь ущыхэтым дежщ ныбжьэгъур къыщыпцIыхур. Алимрэ сэрэ дызэгъусащ абы щыгъуэ, гугъуехьи гуауи щIэкIащ ди нэгу, ди фэм дэкIар мащIэкъым. Абы щыгъуэщ Алим фIы дыдэу къыщысцIыхуар.

Дон губгъуэ диту, Алим зы усэ къысхуеджауэ щытащ. ИгъащIэкIэ сщыгъупщэжынукъым сэ а усэр, апхуэдизкIэ гукъинэ сщыхъуащи. Зи гугъу сщIы усэр цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ щытащ иужькIэ: уIэгъэ хьэлъэ хъуа и ныбжьэгъур зэуапIэм кърех зауэлIым; уIэгъэр къолъэIу: «Сэ укъызэлIалIэурэ, уэри уаукIынущ, сэр щхьэкIэ зумыгъэукI, уи щхьэр къегъэл - насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ». ЗауэлIым и ныбжьэгъур губгъуэм кърина къым, мафIэм къыхихащ, езыр хэкIуэдэнкIэ зэрыхъунуми еплъакъым...

Iэджэ щIащ а усэр Алим и къалэмыпэм къызэрыщIэкIрэ - зауэ гуащIэм щыхэта махуэ хьэлъэрщ щитхар. Алим хэлъ лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ я закъуэкъым а усэ телъыджэм къиIуатэр, ар Алим и творчествэ псом щапхъэ хуэхъуащ. Зауэ гуащIэм и курыкупсэм хэтащ Алим, абы и мафIэлыгъэйр къыжьэхэлыдэурэ, зауэлI хахуэм и гъуэгуанэр икIуащ, и усэри езыри а зауэ гуащIэм и мафIэм япсыхьащ. Къэрал псом къыщацIыху, зи цIэр жыжьэ щыIуа усакIуэшхуэ хъуащ Алим. ЦIыхугъэр, напэр, лIыгъэр, захуагъэр, щыпкъагъэр гъуазэ хуэхъуауэ, шу хахуэм и гъуэгур гъащIэми литературэми щызэпичащ Алим.

ЛIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ и гъуазэмэ, усакIуэм и гъуэгур кIугъуафIэкъым. Ар зауэм щыгъуи иужькIи Алим езым и щхьэкIэ Iэджэрэ игъэунэхуащ, ауэ зэзакъуэнэхъмыхъуми, къызэфIэщIауэ, шум и гъуэгум текIуэтауэ ар зыми илъэгъуакъым, и псалъэм щытумыгъуэтэж, ныбжьэгъур щимыгъэпэжа, абы и гукъеуэмрэ и гузэвэгъуэмрэ щызэхимыщIыкIа къэхъуакъым. Зауэм щыгъуи иужькIи абы тетащ Алим. ИщхьэкIэ зи гугъу сщIа усэ телъыджэр зи гущIэм къиIукIынкIэ хъунур апхуэдэ цIыхущ.

Алим и япэ тхылъыр къыщыдэкIар 1941 гъэрщ. Ар къыздищтэри, зауэм кIуауэ щытащ Алим. И япэ тхылъыр дунейм къызэрытехьар гуфIэгъуэт усакIуэм дежкIэ, гуауэт, гукъутэгъуэт зытехьэ гъуэгуанэр. Тхылъ цIыкIур къыздрихьэкIащ Алим, зауэм хэтыху. Ар щыхьэт техъуауэ щытащ къэбэрдей литературэм усакIуэшхуэ къызэрыщIэтэджам. Алим гъуэгуанэ кIыхь къызэрыщIэлъым, ар усакIуэшхуэ зэрыхъунум япэу гу лъызытар ЩоджэнцIыкIу Алийщ - арат Алим и егъэджакIуэр, щапхъэ зытрихыр. Алий, ди шынэхъыжьыр, зауэм хэкIуэдащ, дэ ди насыпым кърихьэкIри, псэууэ дыкъыхэкIащ зауэ гущIэгъуншэм и мафIэм.

Дунейм ехыжам и ужь къинэм и пщэ къалэн мащIэ къыдэхуэркъым. Алий дунейм щехыжым, Алим псалъэ итауэ щытащ абы иубла Iуэхур игъэкIуэтэн щхьэкIэ лъэкI къызэримыгъэнэнумкIэ. И псалъэр игъэпэжащ Алим: ЩоджэнцIыкIу Алий зэхиубла литературэм и лъэм зригъэукъуэдиящ, абы лъэбакъуэщIэ иригъэчащ, лъагапIэщIэхэм дишын хузэфIэкIащ. Абы щыгъуазэщ псори.

Сэ дапщэщи згъэщIагъуэ зэпытащ Алим хэлъ гуащIэмрэ къарумрэ - ар зытемыгушхуэрэ зыпэмылъэщрэ щыIэтэкъым. Iуэхум, лэжьыгъэм къыхуалъхуа цIыхут Алим - дэни кърихрэт апхуэдиз къарурэ гуащIэрэ?! И усыгъэхэри гъэнщIащ апхуэдэ къарурэ гуащIэкIэ - а псор щызыхыбощIэ Алим и къалэмыпэм къыщIэкIа дэтхэнэ усэ сатырми.

И щхьэ Iуэху фIэкI зезымыхуэ цIыхур усакIуэ хъурэ? ХъункIэ Iэмал зимыIэщ! УсакIуэм дежкIэ нэхъапэр езым и щхьэмрэ и Iуэхумрэкъым. Алим и щхьэ Iуэхур япэ щригъэща къэхъуауэ сщIэркъым сэ. Си закъуэкъым: Алим зыцIыху псори щыхьэт тохъуэ абы. Усэм цIыхубэм и напэкIэ щIеджэр аращ: усакIуэ къалэмыр зыIэщIэлъ цIыхур, жыпIэнурамэ, щхьэхуимытщ, къэзылъхуа лъэпкъыращ ар зыхуэлажьэр - нэгъуэщI плъапIэ иIэнкIэ хъунукъым усакIуэм. Алим апхуэдэ усакIуэщ - абы и гъащIэри и гуащIэри зи бидзышэ ефа лъэпкъым и щхьэузыхьщ.

ТхакIуэм и пщIэр щалъытэкIэ, псом япэ зэплъыр абы и лъэпкъым и литературэмрэ и щэнхабзэмрэ хилъхьа гуащIэрщ. Аращ зэлъытар абы лъэпкъ тхыдэм къыщылъыс увыпIэр. Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм пщIэшхуэ зиIэ увыпIэ къыщылъос Алим, ар абы езым и гуащIэдэкIкIэ къилэжьа пщIэщ.

Алим къэрал псом щигъэIуащ езыр къызыхэкIа лъэпкъым и цIэр, абы и тхыгъэхэм куэдкIэ нэхъ лъагэ дэхъуащ а лъэпкъым и пщIэр. Къэбэрдей литературэм и фIыцIэ нобэ жыжьэ щыIуамэ, ар, псом япэрауэ, зи фIыщIэр Алимщ. Алим апхуэдэ фIыщIэ зэрыбгъэдэлъыр ещIэ езы лъэпкъми, абы ирогушхуэ. УсакIуэм дежкIэ абы нэхъ лъапIэ щыIэнкIэ хъунукъым - уи фIыщIэр цIыхум ялъытамэ, уи лъэпкъым фIыгъуэ хуэблэжьмэ.

**КУЛИЕВ Къайсын,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат.*



## КъэIуэтакIуэ емышыж

**ГуфIэгъуэм сыт щыгъуи цIыхум къару кърет. Ауэ ар лъэпкъ псом и гуфIэгъуэу щыщытым деж тIуащIэщ, цIыхубэм дамэ къатрегъакIэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Горький Максим и цIэкIэ РСФСР-м щыIэ Къэрал саугъэтым и лауреат КIыщокъуэ Алим, дэ, усакIуэ, тхакIуэ псоми, ди ныбжьэгъущ икIи ди къуэшщ. Дэ абы фIыщIэу хуэтщIым гъуни нэзи иIэкъым ди щIыналъэм хуитх уэрэд дахэхэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ, ипхъухэр ину зэриIэтым щхьэкIэ. КIыщокъуэм дуней псом къаригъэцIыхуащ зигури зи псэри зэIуха адыгэхэр - мэкъумэшыщIэр, Iэщыхъуэр, зауэлIыр. Ар зи лъэпкъым хуэпэж усакIуэ нэсщ, гъащIэр фIыуэ зылъагъу дэтхэнэми нэхурэ хуабэрэ ярет.

Кавказым и усакIуэ, тхакIуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыщ КIыщокъуэ Алим, ипэжыпIэкIэ жыпIэмэ, адыгэ псоми я гурыгъугурыщIэхэм, я хъуэпсапIэхэм, я мурадхэм я къэIуэтакIуэ емышыжщ. Аращ ди къэралым и мызакъуэу, хамэ къэрал куэдым щыпсэухэми Къэбэрдейр фIыуэ къыщIацIыхур, абы и гур къызэреуэ макъыр щIызэхахыр.

КIыщокъуэр усакIуэщ. КIыщокъуэр тхакIуэщ. КIыщокъуэр драматургщ икIи киносценаристщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа сыт хуэдэ тхыгъэри лъэпкъым дежкIэ лъапIэщ икIи дахэщ. Абыхэм нэсу къаIуатэ гъащIэм и пэжыр, адыгэм и гупсысэ жаныр. Дахэщ и образхэр, инщ и Iэзагъыр. Алим и Iэдакъэ къыщIэкIа дэтхэнэ зы тхыгъэри ещхьщ ди къурш щхьэ тхъуахэм телъ уэсым, ди щIыналъэм къыщешх уэшх хуабэм, ди губгъуэхэм къыщыкI удз гъэгъахэм, ди псыхъуэхэм дэлъ мывэ хьэлэмэтхэм, ди псы уэру зи къарур мыкIуэщIыжхэм.

Сэ аргуэру зэ сигу къэкIыжащ абы и усэ хьэлэмэтыщэ илъэс зыбжанэ и пэкIэ итхар. Зи гугъу сщIыр шууей хахуэм уафэ джабэм Шыхулъагъуэ зэрыщыхишырщ. Илъэс Iэджэ щIауэ езы КIыщокъуэми ди тхылъеджэхэм я гум апхуэдэ лъагъуэ щыхеш. Алим къэбэрдей литературэм и шууей хахуэщ.

**МОКАЕВ Магомет,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. 1990 гъэ*



## Абхъаз хъуэхъу

**Си къуэшыфI Алим, уи цIэм къытеIукIа хъыбар гуфIэгъуэр къэсащ ди дежи. Къэралым къыпхуищIа гулъытэм, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь узэрыхъуам, абхъазхэр дыщогуфIыкI. Дроин, дропагэ а фIэщыгъэ лъапIэм.**

ЗЫ ЖЫГЫМ и къудамитIу ди лъэпкъитIыр къэзыIыгъыр зы лъабжьэщ, а лъабжьэр зыхэкIыкI щIыгулъри ди Кавказ лъахэрщ. Нэхъ IупщIу жыпIэмэ, адыгэмрэ абхъазымрэ дызщ, дызыкъуэпсщ, зэунэкъуэщ зэгъунэгъуитIым дахуэдэщ. Арац уи гуфIэгъуэр дэркIи щIэгуфIэгъуэр, арац удилъэпкъэгъуу къыщIэдбжыр, удыдей дыдэуи щIыдигугъэжыр.

Алиму ди къуэш Iумахуэ, зэшитI зэщытхъуу къыщыхъур зэзэмызэххэщ. А зэзэмызэри къызыпэкIуэжыр нэгъуэщIхэм я фIыщIэ иныр зым къыщылъыскIэщ. Уэ къэблэжьащ а фIыщIэри си щытхъури. Иджы мы си гур хэхъуэу жызоIэ: фIыщ дунейпсо утыку ихьэф лIы щыпкъэ уи Хэку къикIыну. Гъуэзэджэщ, ар къызыхэкIам и пщIэр, и нэмысыр, и щIыхьыр зыIэтыф къэхъумэ. Апхуэдэ цIыхур насыпщ адэжь лъахэм дежкIэ. А насыпыр дэ къыдэбгъэуэлIащ - абхъазхэми адыгэхэми.

Уэ уи къалэмыпэм къыщIэкIащ, ди Совет хэкушхуэм и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэми щадж уи романхэр - «Нал къутар», «Эмирым папщIэ сэшхуэр», «Хъуэпсэгъуэ нурыр», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэр», нэгъуэщIхэри. Уэ къэбгъэщIащ адыгэ-абхъаз поэзиер зыгъэбжьыфIэ усыгъэхэр. А псори уэ къэбгъэщIащ уи талантышхуэмкIэ, уилъкIэ, уи псэкIэ. Дэтхэнэ махуэри, сыхьэтри лэжьыгъэкIэ гъэнщIауэ уэ уи гъащIэр уохь, зауэм уIутым хуэдэу, зы гъунапкъэм адрейр кIэлъыкIуэу къапщтэу, зы лъагапIэр къызэбнэкIамэ, нэхъ щыгу лъагэжым зеппщыту. Арацi, сэ сынохъуэхъу ди адыгэ, абхъаз лъэпкъхэм дяпэкIи куэдрэ уахуэузыншэну, уи къалэмыр мыубзэщхъуу, ди литературэм жыыщхьэ махуэ ухуэхъуну.

**ШИНКIУБЭ Бэгърат,**
*Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. 1990 гъэ*

## Шыхугъэлъагъуэ

**ГъащIэр лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэду зэрызэхэлъым ещхьу, бгъэдыхьэкIэ зыбжанэкIэ утепсэлъыхь хъунущ КIыщокъуэ Алим и къекIуэкIыкIамрэ и дуней тетыкIамрэ. А лIы щэджащэр уэ хьэрычэт щIы, сэ берычэт хэслъхьэнщ жызыIэ Алыхьталэм и псалъэхэм тету къызэрыгъуэгурыкIуам щыхьэт тохъуэ абы къызэпича гъуэгуанэ узыншэр икIи, Тхьэм и шыкурщи, гъуэгуанэшхуэр: абыи хьэзыру уафэм зыри къыхурадзыхакъым - хуэфащэпсу Алыхьыр къызыхуэупсахэм ящыщти, гъуэгур убзыхуа хъуащ. «Зы хьэрфыр зы былым уасэ щыхъуну зэман къэкIуэнущ» жызыIэрейуэ щыта Пщымахуэ, Алим и адэм, и псалъэ пэжхэр зриIуэкIыр и жылэгъухэм я закъуэтэкъым - абы щIипIыкIырт и бынхэри. Алимрэ абы къыдалъхуахэмрэ я сабиигъуэр зыхиубыда лъэхъэнэм «хьэрфыр былым уасэм пащIу» зэман къызэрыхъунур мэкъумэшыщIэхэм я фIэщ пщIын щхьэкIэ, дамэкъуэ куэд пкъутэн хуейт. Ауэ а гугъуехьми къиухуакъым Алыхьым и ФIыцIагъэри зыIэщIэлъ урыс тхылъри зыIыгъ КIыщокъуэ Пщымахуэ.**

КЪУАЖЭ САБИЙР тхылъым ешэлIэнымкIэ Пщымахуэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэр зыхуэдизыр зыщIэжхэм ящыщ Щхьэлыкъуэ ноби дэсщ. «Фи быныр евгъаджэ» жиIэу унащхьэунащхьэкIэ жылэр къызэхэзыкIухьу щыта Пщымахуэ псом япэ школым иришэлIар езым и бынхэращ. Пщымахуэ щIэныгъэ зэрыбгъэдэлъыр, абы и бын зэрыщимыгъэуэнур зыщIэ икIи зылъагъу жылэдэсхэми куэду къахэкIащ КIыщокъуэхэ я гъуэгум теувахэр.

ЩIэныгъэм и псыпэр Щхьэлыкъуэм япэу къезыгъэжэхар Пщымахуэщ, а псыпэм япэ дыдэ кърикIуа дыщэ бдзэжьей щIэблэу убж хъунущ Пщымахуэ и бынхэр.

КIыщокъуэ Пщымахуэ адыгэ лъэпкъым къыхуэщхьэпэн бын дыгъэл къыщIэхъуащ - абы и къуитIымрэ и пхъуитхумрэ хэт тхакIуэщ, хэт дохутырщ, хэти егъэджакIуэщ... Пщымахуэрэ Куэзрэ я Насып вагъуэ мыужьыхыжу, я Шыхугъэлъагъуэ хэмыгъуэщэжу игъащIэ псокIэ уэгум къинащ абыхэм я къуэ, адыгэлI щэджащэ, лъэпкъым и набдзэ хъуну зи натIэм пасэу къритха Алим. Сыт хуэдизрэ ущытхъуми, ущытхъуIуэнукъым а лIы телъыджэм. Апхуэдэу щIыжысIэр ар си къуажэгъуу зэрыщыт къудейркъым. Сэ фIыуэ слъагъухэм Алыхьым къарит апхуэдэ къуажэгъу - абы къикIыр зэрыадыгэ лъэпкъыу дехъулIауэ аращ. Дэ къытхэкIащ ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIуащ БетIал, КIыщокъуэ Алим, Темыркъан Юрэ сымэ хуэдэ гъуазэхэр. Абыхэм я щIэин хъугъуэфIыгъуэ мыкIуэдыжхэрщ, я IэужьыфIхэрщ, я акъыл нэхум и нур мыужьыхыжырщ нобэ ди лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр. КIыщокъуэ Алим къызэпича гъуэгуанэшхуэм и лъэужьыр акъыл нэхум дэблэу, гупсысэ шэщIарэ Шыхулъагъуэу уэгум зриукъуэдиящи, Тхьэм ищI ди лъэпкъым куэду къыхэкIын а «Шум и гъуэгум» пызыщэн!

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ.*



## ЩIыхь лъагэ



**Адыгэ литературэм и къежьэкIэмрэ зыужьыкIэмрэ тепщIыхьмэ, шэч хэлъкъым абы нобэр къыздэсым къикIуа гъуэгум КIыщокъуэ Алим и лIэщIыгъуэкIэ уеджэ зэрыхъунум. Ди литературэр щызэфIэувам КIыщокъуэм япэ ита щыIами (усакIуэшхуэ дыдэхэри яхэту), къэбэрдеибзэ тхыгъэр, псом хуэмыдэу лирикэр, роман лIэужьыгъуэр дунейпсо литературэ щапхъэм изыгъэтIысхьар, изыгъэувар, дунейпсо утыку изышар Алим и гуащIэм къыдэкIарщ. Алим и жьауэм щIэту лъэщу бэкъуащ литературэр.**

КIЫЩОКЪУЭ Алим и тхыгъэхэм укъыщеджэкIэ е и псэлъэкIэм ущыщIэдэIукIэ, гу лъыботэ къру пашэм и образыр абы фIыуэ зэрилъагъум, куэдрэ къызэригъэсэбэпым. Лъэпкъ псоми хуэдэу, адыгэхэм Iулыджрэ пщIэ лейрэ хуащIырт бэм я пашэу щытыну зэфIэкI зиIэхэм, «хэкулI» жыхуэпIэнухэм. Апхуэдэхэрт «кърупашэ» щIыхьыр зыхуагъэфащэр. Ар фIыуэ къыхощ революцэм, граждан зауэм, абы къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ятеухуауэ КIыщокъуэм итха романхэм.

КIыщокъуэ Алим езыр дапщэщи щытащ дыгъафIэ гъуэгукIэ япэкIэ узышэ пашэу, гъуазэу, литературэм тепщIыхьмэ, ар кърупашэ щIэхъуар и къулыкъу лъагэхэракъым - и къалэмыпэм къыщIэкIахэращ. Зэбгъэпщэн, зыпэплъытэн щымыIэ и усэхэмрэ прозэмрэщ. Лъэпкъ литературэм и жьантIэр иIыгъыу къызэрекIуэкIарщ.

Пэжщ, мыбыи егупсысын хуей мэхъу: сэ къысфIощI литературэм и пашэу зэрыщытым (и лэжьыгъэмкIи, и тхыгъэмкIи) ар нэхъ лейуэ иригъэгупсысу екIуэкIауэ тхакIуэм и къалэнхэм, усакIуэм («поэтым» жиIэмэ, нэхъ къищтэ хуэдэщ Алим, а псалъэм нэхъыби къызэщIеубыдэ) гъащIэм щиIыгъ, щиIыгъын хуей увыпIэм... УсакIуэу абы иримыгузавэ, иримыгулэз щыIэу къыщIэкIынкъым. Алим къалэм къызэрищтэрэ ирогумэщI усакIуэм и цIэ лъапIэр, лъагэр щIыхь пылъу зехьэн Iуэхум, а къалэныр нэхъ екIуу гъэзэщIэным. Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт аддэ пасэу, литературэм щыхыхьа дыдэм игъафIэу щыта хъуэпсэныгъэр: «Хыр си шакъалъэу къалэм хуэфащэ сиIатэм...»

Зауэ зэманым итха усэхэмрэ поэмэхэмрэ къагъэлъагъуэ лъэпкъ хьэлщэныр литературэм щызэфIэувэнымкIэ КIыщокъуэм лъэбакъуэ лъэщ зэричар. Аращ япэ дыдэу зи фэкIи, зи акъылкIи, зи дуней тетыкIэкIи зэрыадыгэр зыми хэмыгъуащэ цIыхухэр лъэ быдэкIэ литературэм хэзышэфар. Абы щыгъуи, а цIыхухэр ди къэрал иным и хэкупсэ нэсхэщ, СССР-м ис адрей лъэпкъхэм я бын псоми хуэдэу, псэемыблэжу бий бзаджэм пэщIэту. Iуэхур тынш цIыкIуу щытакъым. Езы КIыщокъуэми ар мызэ-мытIэу къыщыхигъэщащ литературэм, творчествэм ехьэлIауэ итхахэм. «Ди зэманым псэу цIыхум и образ - зыми хэмыгъуэщэну зэщIэкъуауэ, зыщыщ лъэпкъкIи псоми къахэщу, ауэ щыхъукIи, дунейпсо цIыхубэм и хьэл-щэнкIэ зэщIэпсэу, - къэбгъэщIыныр икъусыкъужкIэ къалэн гугъущ», - щыжиIэгъащ абы 1956 гъэм «Вопросы литературы» журналым къытрырригъэдза тхыгъэм.

**КХЪУЭIУФЭ Хьэчим,**
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

## Нэхъыщхьэу къызолъытэ

КIЫЩОКЪУЭР нэгъуэщIхэм хыумыгъэгъуэщэн усакIуэ телъыджэщ. Абы и творчествэм и фIыпIэ нэхъыщхьэу къэплъытэ хъунущ гупсысэ жан, акъыл куу зэрыхэлъыр, и темэр IупщIу зэрыубзыхуар...

КIыщокъуэ Алим усакIуэщ икIи сэлэтщ, усакIуэщ икIи ухуакIуэщ.

**СВЕТЛОВ Михаил,**
*урыс усакIуэ. 1959 гъэ*



**ПсыкIэху мэзым щагъэлъапIэ КIыщокъуэ Алим и илъэс 75-рэ. Абы къыбгъэдэтщ Къэрмокъуэхэ Хьэмидрэ Мухьэмэдрэ, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.**
*1989 гъэ*

# Япэ урысей альпинист Хьэшыр Чылар 2019

## Iуащхьэмахуэ теухуа псалъэ

**Минрэ щийрэ тIощIрэ ещанэ гъэм Кавказ Ипщэм щыIа урысыдзэхэм я унафэщI нэхъыщхьэу мэув генерал Эмануэль... Зи щIыхьыр иныр щытащ Урысей пащтыхьым и адъютанту...**



Генерал Эмануэль Георгий

АБЫ УНАФЭ къыIэрыхьащ илъэс куэдкIэ ирагъэкIуэкIа зауэм иригъэшу сабыр хъуа адыгэхэр къыдихьэхыну.

Генералым мундирым и пIэкIэ зыщитIэгъащ адыгэ фащэр, ауэ генерал дамэтелъхэр телъу, хьэзырхэм я щхьэIуэкIэ Георгий жорыр хэлъу Жанхъуэт, ХьэтIохъущокъуэ, Урысбий, Абыкъуэ пщыхэм яхуеблэгъащ. Санкт-Петербург хуит зыкъригъэщIащ бгырысхэм я диным, хабзэм, нэмысым пщIэ хуищIыну...

Адыгэхэмрэ къэрэшейхэмрэ я щIыр щызэпыхьэм, Псыхуабэ къуэладжэм и щхьэм деж щыт къалэжь цIыкIур - Нартсанэ фэншэщ, ауэ ихъуреягъым псы хущхъуэхэр куэду къыщыщIож. Къалэр тIэкIу зэIузэпэщ ищIын, фэ къытригъэуэн щхьэкIэ Италием къририкъэшащ архитектор Бернардацци Джузеппе.

Аращи, Эмануэль щыIэщ бгырысхэм я лъахэм, пэгъунэгъу дыдэщ езы Iуащхьэмахуэ. ЩIэныгъэм и хьэтыркIэ ар дэкIынущ Iуащхьэмахуэ. Гупым текIуэдэнур яфIэкуэдыIуэщ къулыкъущIэхэм: къабжащ сом мин щэщI, ауэ Урыс академием иIэр 8.000 къудейращ.

- Илъэсипл I и пэкIэ Къэбэрдеймк Iэ сыпхрык Iауэ щытащ, - жиIащ Эмануэль, - къызэрыщIэкIымкIэ абы ипщхэр Мысырым къикIащ.

Шэч хэмылъу генералым и гум къэкIат экспедицэм ихьыну ахъшэр къэбэрдейхэм я фэм къыдихыну.

- ДевгъэпIэщIэкI! Дэ къытполлъэ Iуащ-хьэ-ма-хуэ, - зэпишащ Эмануэль.

Пщыхьэщхьэм абы къыхуахьащ Аристотель и тхылъ цIыкIу:

«Кавказ Ипщэ-КъухьэпIэ лъэныкъуэм щыIэщ къурш нэхъ уардэ дыдэр. Абы и лъагагъым и щыхьэтщ и щыгур дэнэ лъэныкъуэкIэ ущыIэми зэрыплъагъур, уеблэмэ, Мэуэт гуэлым (Iузэв тенджыз) деж ущыIэми. Абы и къуэладжэхэм щопсэу лъэпкъ куэд, гуэлышхуи щыIэу жаIэ».

1829 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м Балъкъ тет Каменномост быдапIэм деж и шыр къыщыжьэдикъуащ Эмануэль. Топхэр зэдэуащ, фIэхъус ирату.

Сабэр драпхъейрт гъуэгум сатыр кIыхьу къырикIуэ дзэм - мыжурэзехьэу 650-рэ, сэшхуэ зыIыгъыу 350-рэ, топитI, лъэсырызекIуэхэр, къэзакъхэр, штабым щылажьэхэр, накъырапщитI, бэрэбэнауэ, гъуэгугъэлъагъуэхэр, тэрмэшхэр, шыхэр, махъшэхэр...

Бгыхэр гъунэгъу къэхъурт. Гупыр къуршым къыщежьэ аузхэм я зым дыхьащ, Урду, Балъкъ, Хьэсэут псыхэм зэпрыкIащ...

Ахэр Урду бгым и лъапэм и деж къыщыувыIащ...

Къазакъым и фий макъ къэIуащ. Шу гуэри генералым и шатырым и гупэм и деж къыщыувыIащ:

- Мо лъэныкъуэмкIэ жьы къемыпщэу сабэ къохъей, шу гуп къоблагъэ.
- Iэщэ яIыгъ?
- ЯIыгъщ, ауэ замыгъэпщкIуу къокIуэ.
- ХьэмкIэуи?
- Хьэуэ, ущкIэ.

Генералым и бгырыпхыр щIикъузащ:

- Мо щыгум къэзакъхэр дэвгъэкIуей, зыми ямылъагъуну...
- ФIэхъус! - сэлам кърахащ къэблэгъапэу къепсыха шухэм...
- Фыкъеблагъэ! Сэлам узох, пщышхуэ!

Къэзакъым лъэрыгъыр иубыдащ. Шур къепсыхри, генералым и Iэр гуапэу икъузащ.

Зэпсэлъахэщ. Генералым тхьэ иIуащ зауэ Iуэху зэримыхуэу - Iуащхьэмахуэ дэкIыну и мураду арауэ. Зэгъусэу шей ефахэщ. Тыгъэхэр зэIэпахащ.

Ежьэжыну къэтэджыжауэ, пщы уэлийм зыбгъэдишащ бгырыс лIы къуэгъу гуэр: "Чылари модрей тхури уи гъусэнущ, псори щакIуэ Iэзэхэщ. Бгыхэр яцIыху... Уэ уздыхуейм кIуэнущ, уи унафэр ягъэзэщIэнущi.

**СИМОНОВ Евгений.**
«*Iуащхьэмахуэ теухуа псалъэ*» *тхылъым къыхэтхащ.*

**УФ-м щыщ щIэныгъэлIхэр къэрэшейхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлIауэ КъШР-м щрагъэкIуэкI «къэхутэныгъэхэм» къэуIэбжьауэ кIэлъоплъ. Къулыкъухэмрэ цIэ лъапIэхэмрэ маIуху папщIэу якъуэуваусэ, Будай М., Кагиевэ Н., Хатуев Р., Байрамкулов А., Чотчаев И., Кипкеевэ З. хуэдэ щIэныгъэлIхэм, зыми яфIэмылIыкIыжу, пцIы гъущэр цIыхубэ утыку кърахьэ.**

КЪАБГЪЭДЭС лъэпкъхэм я тхыдэмрэ я щэнхабзэмрэ ягу зэрытемыхуэм ищIыIужкIэ, абыхэм наIуэу я напэ техыныр къуаншагъэу къэзымылъытэ хъэтIщ ахэр зэрытхэр. НэгъуэщI лъэпкъхэр ягъэпудкIэрэ езыхэр къызыхэкIар ягъэлъэпIэныр, дэфтэр нэпцIхэр яуцIырхъыурэ, адыгэхэм я тхыдэмрэ абы епха лэжьыгъэхэмрэ «кърахыкIыжыныр» хьэл зыхуэхъуахэм а псор лъэпкъ IуэхукIэ егъэлеин нэрыгъым къызэрыхахыр нэрылъагъущ.

Мэзкуу, Бытырбыху, Тифлис (Тбилиси), Шэткъалэ (Ставрополь), Бжьэдыгъукъалэ (Краснодар), Тэрчкъалэ (Владикавказ), Истамбыл, Берлин, Париж, къинэмыщIхэм мин пщIы бжыгъэкIэрэ щахъумэ къэрал дэфтэрхэми, тхыдэмрэ щIэныгъэмрэ ехьэлIауэ пасэрей алыдж, урым, урыс, европей, хьэрып, тырку, ермэлы, куржы, къэрэшей, балъкъэр тхакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа щэ бжыгъэм нэс тхыгъэхэми зэ Iэбэгъуэк Iэ «шыпсэ» фIащри ежьэжахэщ.

ЦIыхубэр зэрызэгуагъэпыр ялъагъу пэтми, щIэныгъэ зыбгъэдэлъым хуэмыфащэ а тхыгъэ мыхьэнэншэхэр КъШР-м гъэ къэс щобагъуэ, тхылъ хъумапIэхэм, щапIэхэм щIалъхьэ, курыт школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щадж программэхэм хагъэхьэ.

Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм уигу къимыгъэкIынкIэ Iэмал иIэкъым зыгуэрхэм КъШР-мрэ КъБР-мрэ щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм хуащI пщIэр гъэлъэхъшэныр, я блэкIам хуаIэ еплъыкIэр зэтекъутэныр, а республикэхэм ис цIыхухэм я акъылыр ягъэутхъуэныр плъапIэ зэрахуэхъуар. Лъэпкъхэр зэщагъэIеин папщIэ яубла «хъыбарегъащIэ зауэ» фIэкIа зыфIумыщыфыну апхуэдэ «узэщIыныгъэм» узыхуишэнкIи хъунур нэгум къыщIэгъэхьэгъуейкъым.

Дызытепсэлъыхь Iуэхум и щапхъэ наIуэщ иджыблагъэ Хьэшыр Чылар къэрэшейуэ къыщIрагъэдзыжу, ар 1829 гъэм Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIуеям иращIэкIа дауэдапщэхэр. ЛIыхъужьым и цIэунэцIэм тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ зыбжанэрэ зихъуэжащ: «Килярыр» «Хылар» хъуащ, иужькIэ - «Мусса и къуэ Хыйса» фIащыпащ. «Хачиров Мусса и къуэ Хыйса» и цIэр фэеплъ мывэм къыщыхаIущIыкIри, 2004 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м Карачаевск щагъэлъэпIащ.

Генерал Эмануэль и экспедицэр Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIам теухуауэ ятхыжар мащIэкъым. Абы хэтахэм я гукъэкIыжхэр Бытырбыху дэт ЩIэныгъэхэмкIэ Академием 1829 гъэм щытрадзащ, езы хъыбарыр нэгъэсауэ мэжэр дунеяплъэ Де Бесс къиIуэтэжащ.

Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIа хъыбарыр езы генерал Емануэль димыгъэхуIауэ граф Паскевич и цIэкIэ 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м (бгым зэрыдэкIуейрэ тхьэмахуэ фIэкIа дэмыкIауэ) игъэхьэзыра рапортым къыщриткэкIыжащ. А экспедицэм теухуа гукъэкIыжхэр къагъэнащ езы Хьэшыр Чылар и къуэхэми, ахэр щIэлъщ КъБР-м и Къэрал Архив Нэхъыщхьэм.

Ауэ къэрэшей «тхыдэджхэр» апхуэдэ щыхьэтхэм арэзы техъуакъым. Iуащхьэмахуэ дэкIа адыгэ Чыларыр ягъэлъэпIэныр IуэхушхуэIуэу къалъытэри, «езыхэм я къэрэшей Хыйса» щаIэта дауэдапщэ ирагъэкIуэкIащ. Махуэшхуэр республикэпсо Iуэху ящIынми нэсакъым, абы къыхэкIыу нэхъыбэм ар зытеухуар къагурыIуакъым.

Къэрэшей-Шэрджэсми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгейми, Кавказым щыщ адрей щIыналъэхэми ис цIыхубэр зэгуигъэпат аргуэру кърахьэжьа Iуэху нэпцIым, ауэ абыхэм я гурыщIэхэр зыми къыфIэIуэхуакъым. Зэрынэрылъагъущи, зыгуэр къагъэхъеинырт абыхэм я мурадыр. Карачаевск дэт «Къэрэшейм и цIыху цIэрыIуэхэм» я фэеплъ блыным иджыри зы цIэ - къагупсысами Iуэхукъым – патхащ: Хачиров Хыйса Мусса и къуэр. 2004 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къэрэшейхэм я «тхыдэр» езыгъэцIыхужа хьэщIэ лъапIэхэр хэту махуэшхуэм ехьэлIа концертрэ пэкIурэ екIуэкIащ. Тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Хатуев Рашидрэ Къэрэшей ЩIэныгъэ КъэхутакIуэ Институтым (?) и унафэщI Шаманов Ибрэхьимрэ я цIэхэр зыщIэлъ, щIэрыщIэу традзэжурэ ягъэбэгъуа тхыгъэ закъуэр дауэдапщэ псоми тхыдэ щыхьэту яхурикъуащ.

Тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIхэм зыхуагъэувыжар зы къалэн закъуэт: Кавказ лъэпкъхэм я тхыдэм фIыкIэ къыхэщ ехъулIэныгъэшхуэр япэу зыхузэфIэкIа Хьэшыр Чылар къэрэшейуэ щыта хуэдэу зэрыжаIэр пхагъэкIыныр. ТегъэщIапIэ нэхъыщхьэу Шамановымрэ Хатуевымрэ яIэр генерал Эмануэль къэрэшейхэр къэбэрдейхэм къахицIыхукIыфу зэрыщымытарщ. «Хачировхэ я щIалэр къэбэрдей адыгэу къащIыфIэщIар урыс пащтыхьым и администрацэм Бахъсэн, адрей балъкъэр жылагъуэхэм ящIхэм къадэкIуэу, Къэбэрдейм хигъэхьауэ зэрыщытарщ», - ятх абыхэм.

Мыпхуэдэ псалъэухаи ущрохьэлIэ а тхыгъэм: «XVII лIэщIыгъуэм ятха дэфтэрым ипкъ иткIэ, Бахъсэн зыхиубыдэ Къэрэшейм «Къэрэшей КъэбэрдейкIэ» йоджэ, абы щыпсэухэм «къэрэшей къэбэрдейхэр» хужаIэ». «А лIэщIыгъуэм ехьэлIа нэгъуэщI дэфтэр гуэрым абыхэм щхьэкIэ «къэрэшей шэрджэсхэр» щыжаIэ», - мэшхыдэ тхыдэджхэр. Хатуевымрэ Шамановымрэ зыхуэкIуэж гупсысэраци, Чылар-къэрэшейр къэбэрдей адыгэу къащIыфIэщIар Къэбэрдейм хыхьэ къуажэм къызэрыщыхъуам къиша щыуагъэщ.

Тхыдэ лэжьыгъэхэр зи щыпэлъагъу щIэджыкIакIуэ жыIэзыфIэщым гу лъи-



Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Уэз ФатIимэ

## ● Абы дегъэпIейтей

# Пэжымрэ пцIымрэ

мытэнкIи хъунущ Хатуевымрэ Шамановымрэ пэжыр зэрызэрагъэдзэкIымрэ тхыдэ утыкум пцIышхуэ къызэрырахьэмрэ.

Япэрауэ, 1829 гъэм къэрэшейхэр Бахъсэн лъэныкъуэкIэ щыпсэужакъым. Тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIхэр захуэщ, XVII лIэщIыгъуэм Кърым къикIа къэрэшейхэр гуп-гупу зэхэзекIуэхэурэ, зэман-зэманкIэрэ щIыпIэхъуэж ящIхэурэ, уеблэмэ, Зэлэнщыгушхуэ и къыщIэжыпIэм деж, абазэцIэ зезыхьэ «Речепста» (иджырей Архъыз) псыежэхым пэгъунэгъуу зэрыщысар, иужькIэ абазэхэхэмрэ абазэхэмрэ я унафэкIэ абдежым икIыу Бахъсэн и ищхъэрэкIэ зэрыIэпхъуар щыжаIэкIэ. XVIII лIэщIыгъуэм (1701 - 1702 гъэхэм) щакIуэ кIуауэ ягу ирихьын псэупIэ къащыпэщIэхуэм, абыхэм защтэри, Псыжь и къыщIэжыпIэм пэгъунэгъуу Iэпхъуауэ щытащ, езыхэм япэкIэ абазэ лъэпкъ Тамхэ щыпсэуа щIыпIэм.

А щIыхэри, аргуэрыжьу, зейр Къэбэрдейрат. Аращи, XVII лIэщIыгъуэм ятха дэфтэрхэм къэрэшей псэупIэхэм «Къэрэшей Къэбэрдей» щыфIаща щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэ дыдэ мэхъу, зиусхьэнхэу Хатуевымрэ Шамановымрэ къагъэлъэгъуэну зырыхуэщIэкъум ещхьу, «лъэпкъ тхыдэ щхьэхуещагъэкIэ» къаIэрыхьауэ щыткъым.

Шаманов Ибрэхьим «Къэрэшейхэр» зыфIища и лэжьыгъэм зэрыщыжиIэмкIэ, Къэбэрдейр Урысейм и унафэ щIэувэн ипэкIэ, къэбэрдеищIхэм щыпсэу къэрэшейхэм Къэбэрдейм и пщы уэлийм уасэ хэха ирату щытащ: илъэс къэс зы лъапсэм хуэзэу зы мэл. 1763 гъэм щегъэжьауэ 1825 пщIондэ Къэбэрдейр зыIэщIэзылъхьэну хущIэкъуа Урысейм и мурадыр XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ плIанэм къехъулIащ. 1828 гъэм Къэрэшейри Урысейм гуагъэхьащ. XIX лIэщIыгъуэм ятха дэфтэрхэм къэрэшейхэр щыпсэу щIыпIэхэм я гугъу щащIым деж, «Къэрэшей» фIэщыгъэм урохьэлIэ.

Тхыдэм щхьэхуещагъэ гуэр щызекIуэххэмэ, ар къызыбгъэдэкIыр тхыдэ щыхьэтхэр зыхъуэжыну хуежьа Хатуев Рашидрэ Шаманов Ибрэхьимрэщ. Абыхэм упщIэ яхуэгъэзэувыпхъэт: къэрэшейхэм «япэу къызэIуахауэ» жыфIэу, етIуанэ гъуэгу сыту пIэрэ щыгъуазэ дызыхуэфщIынур? Адыгэ тхыдэр зэрыщыту къыщымыщхьэпэну пIэрэ а Iуэхум, XVII лIэщIыгъуэм ятха дэфтэрхэм къэрэшейхэр «къэрэшей шэрджэскIэ» иратхэу зэрыщытам къыхэкIыу?!

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием щыщу экспедицэм хэтахэм Кавказыр нэгъэсауэ зэрацIыхум гу лъыботэ. Генерал Эмануэль щыуагъэшхуэ IэщIэкIауэ жаIэу, Хатуев Рашидрэ Шаманов Ибрэхьимрэ абы тралъхьэну зыхэт пцIым тегъэщIапIэ иIэкъым. Эмануэль урыс армэм щIэныгъэ нэхъ куу зыбгъэдэлъу хэта генералхэм ящыщ зыуэ къалъытэ. 1825 гъэм щегъэжьауэ Кавказ Гъунапкъэм и унафэщIу щыта, 1828 гъэм Къэрэшейр Урысейм и унафэ щIэзыгъэува, ПсыжьадрыщI Шэрджэсейм щызэуа абы, къэбэрдей щIалэр къэрэшейм хигъэгъуэщэнкIэ хъуну хуэбгъэфэщэныр къемызэгъщ.

Экспедицэм хэта нэгъуэщI зы нэрыбгэ - Де Бесс Янош - Чылар къызыхэкIа лъэпкъыр къыфIэмыIуэхункIэ Iэмал зимыIэт. Чылар и гугъу щищIкIэ, абы жеIэ ар «къэбэрдей щхьэхуиту» зэрыщытыр, «Налшык пэгъунэгъуу, Къэбэрдеишхуэмщыщкъуажэ щхьэхуит цIыкIу гуэрым» зэрыщыщыр. УпщIэ етыпхъэщ Хатуевымрэ Шамановымрэ: Чылар къызыхэкIа лъэпкъыр щхьэ нэхъ щызэхагъэзэрыхьауэ пIэрэ нэгъуэщI бгырыс куэд зыхэта а экспедицэм? Ахэр къызыхэкIа лъэпкъхэр зэхагъэкIыныр щхьэ къатемыхьэлъарэ? Къэрэшейм щыщ пщы уэлий Крым-Шамхалов Ислъам сыту къэбэрдейуэ къащымыхъуарэ?! Эмануэль и гъуэгугъэлъагъуэ таубий Мурза-Къули яхэту, Бахъсэн къуэм щыщхэм ахэр зэреджэр «урыспийкIэщ», балъкъэруи, къэбэрдейуи жаIэркъым!

Iуащхьэмахуэ дэкIа нэужь, генерал Эмануэль и жэрдэмкIэ къэбэрдей щIалэ Хьэшыр Чылар Кавказ-Бгырыс полуэскадроным хагъэхьэри, илъэсибгъум щIигъукIэ Варшавэ къулыкъу щищIащ. Ауэ Хатуевымрэ Шамановымрэ абы темыпсэлъыхьмэ нэхъ къащтэ. Чылар и щIэблэм и гугъу щащIкIэ, абыхэм жаIэ: «Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Киляр и щIэблэм щыщ гуэрхэр Тэрч псыхъуэм къыдэнащ».

ФымыщIафэ зытывогъауэ, зиусхьэнхэ! Чылар къуитI иIащ - Джырандыкъуэрэ Увжыкъуэрэ. Ахэр Къэбэрдей округым щыпсэуахэщ: япэщIыкIэ Брамтэ (Вольнэ Аул), иужькIэ - 1863 гъэм щегъэжьауэ - Кушмэзыкъуей. Ди зэманым къэса абыхэм я лIакъуэр фIыуэ яцIыху. Хатуевымрэ Шамановымрэ адэкIэ ятх: «Ауэ адрей щIэблэр нобэр къыздэсым Къэрэшейм щопсэу». Сыт хуэдэ «щIэблэ» зи гугъу фщIыр, зиусхьэнхэ?

Коркмазовэ Салимэ, зэрыжурналистым къыхэкIыу, къызыхэкIа лъэпкъым щыщ лIакъуэхэр зэримыцIыхур хуэбгъэгъу хъунуми, къэрэшей тхыдэджхэр, шэч хэмылъу, щыгъуазэу щытын хуейщ нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIа унэцIэхэр къэрэшейхэм къащIыхыхьам и щхьэусыгъуэм, Кавказ зауэм и зэманым нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщхэр мы щIыпIэм къагъэIэпхъуэу зэрыщытам.

«Хачировы (ХьэкIырэ)» унэцIэр - адыгэ унэцIэщ. ПсыжьадрыщI шэрджэсхэм, къэбэрдейхэм я дежи къыщымыувыIэу, иджырей къэрэшей унэцIэ куэд абазэхэм, тэтэрхэм, сванхэм, къумыкъухэм, урысхэм, ермэлыхэм, куржыхэм я лIакъуэхэм йокIуэлIэж. Узыхуейр къыхэпхыну ухуитт: пщылIу щытахэм зейхэм я унэцIэр къащтэрт. Хачировхэ, Гандаевхэ, Джазаевхэ унэцIэхэр зезыхьэхэр Хъубийхэ я пщылIу щытахэщ.

«Къэрэшей щIыналъэм мэкъумэшыщIэхэр хуит щащIыжа нэужьщ а лIакъуиплIым хьэблэ щхьэхуит - тийре - яухуэну хуит щыхъуар. ИтIани, зэман гуэркIэ цIыхухэм Кюн-Берт щIыпIэ псом (Карт-Джурт къуажэм иубыд щIыпIэу Хъубийхэрэ абыхэм я пщылIхэмрэ щыпсэуам) «Хубиевхэ» («Хубийлары») хужаIэу щытащ». Аращи, 1829 гъэм Хачиров унэцIэр зезыхьэ Киляри, Хилари, Хыйсаи щыIэнкIэ Iэмал иIакъым.

Дэтхэнэ тхыдэ лэжьыгъэми и уасэр къэзыгъэлъагъуэ тегъэщIапIэщ «историзм» жыхуаIэ бгъэдыхьэкIэр. Абы Хатуевымрэ Шамановымрэ хуэхей дыдэу зэрыщытыр Сотаев Ахия хуэдэ цIыху цIэрыIуэм и гугъу щащIкIэ наIуэ къохъу. «Гъуэгур езыгъэлъэгъуахэм Карт-Джурт щыщ Хачиров Хилярrэ (Хыйсарэ) Балъкъэр щIыналъэм хыхьэ Бахъсэн къуэм щыщ Соттаев Ахиярэ къахэжаныкIащ», - ятх абыхэм.

Соттаев Ахия Бахъсэн къуэм зэрыщыщыр пэжщ. Ауэ Ахия абы къыщыщалъхуар япэу Iуащхьэмахуэ дэкIын Iуэхур (1829 гъэ) зэфIэкIыу илъэс зыбжанэ дэкIыжа нэужьщ. Соттаев Ахия 1831-1835 гъэхэм я зэхуакум дунейм къытехьауэ хуагъэфащэ. Аращ япэу 1868 гъэмрэ 1874 гъэмрэ Iуащхьэмахуэ къухьэпIэмкIэ щыIэ и щыгум дэкIар. Дунейм щехыжар 1918 гъэрщ.

Мыпхуэдэу еух Хатуевымрэ Шамановымрэ я тхыгъэр: «Иджыри зэ жыдоIэри - апхуэдэ Iуэхухэр зимыщыпэлъагъур къурш лъагэхэм ябгъэдэсу къэхъуахэрщ, Iуащхьэмахуэ лъапэм абыхэм ящыщу къыщалъытэр къэрэшей-балъкъэрхэм я закъуэщ». Я тхыгъэми ар лъабжьэ зыхуащI политикэ плъапIэми хуэфащэ акъылщ ар, къагупсыса къэрэшей щIалэ Хачиров Хыйса Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIам епха дауэдапщэхэми йокIу.

Iуэхум теухуауэ къыжыIапхъэр наIуэщ: зыми хуэмыдэ къэрэшей лъэпкъым зыми емыщхь тхыдэ хуэфащэщ, абыхэм я закъуэщ Iуащхьэмахуэр зейр. ЩIыналъэм ис адрей лъэпкъхэм тхыдэ ямыIэми хъунущ.

Иджыри зыпцI къыщIэдгъэщынщ. Мыбыхэм къагупсысар Гиннесс и «ЕхъулIэныгъэ къызэрымыкIуэхэр зратхэ тхылъыр» къыдэзыгъэкIхэм я фIэщ ящIыфащ. Абы иратхащ Хаширов Килар балъкъэр щIалэр 1829 гъэм Iуащхьэмахуэ къуэкIыпIэмкIэ хуэзэ и щыгум япэу дэкIуеяуэ. ЗэрыжаIэщи, абы утепсэлъыхьыныр лейщ.

УпщIэ къоув: къэрэшейхэм хуэдэ лъэпкъ щымыIэу ягъэуву, тхыдэ, щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ пцIымрэ щыхьэт нэпцI зэгъэпэщынымрэ щымымэхъашэу щIэныгъэр зэIызыщIэ зиусхьэнхэр КъШР-м и унафэ нэхъыщхьэр зыIэщIэлъхэм я узэщIакIуэ сыт хуэдэ щIыкIэкIэ зэрыхъуар?

«Iуащхьэмахуэ япэу цIыху зэрыдэкIам теухуа дауэдапщэхэр» (2004 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдэкIащ, №296) КъШР-м и Правительствэм и унафэкIэ щагъэхьэзырым, урысхэми, шэрджэсхэми, абазэхэми, нэгъуейхэми, республикэм щыпсэу адрей лъэпкъхэми я лIыкIуэ Iуэхум бгъэдагъэхьакъым.

Я хэкур фIыуэ ялъагъу хуэдэу защIу, ауэ щыхъукIэ, лъэпкъ зэхэгъэж нэрыгъым иIыгъхэр, цIыхухэм я зэхэщIыкIыр пцIымрэ езыхэм хуэдэ щымыIэу къафIэзыгъэщI гупсысэхэмкIэ зыкудэхэр сыт хуэдэ пщэдейрей махуэу пIэрэ я лъэпкъым зэрыхуэхъуапсэр?

Я къежьапIэм теухуа хъыбархэр хуэсакъыу яхъумэ дунейм цIыхуу тетым. Тхыдэ телъыджэ зиIэ къэрэшейхэри абыхэм ящыщ зыщ. Сыт-тIэ ахэр Тхьэм къарита тхыдэр зэрахъуэжым арэзы щIытехъуэр?

**УЭЗ ФатIимэ,**
*тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор,*
*КъШР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и тхыдэ къудамэм и щIэныгъэрылажьэ нэхъыщхьэ.*
*«Научная мысль Кавказа» журнал, 2007 гъэ, №1(гъэкIэщIауэ).*
*ЗэзыдзэкIар*
**ЧЭРИМ Марианнэщ.**




## ● Газетхэм ятх

# Фэеплъ дамыгъэхэр

**Iуащхьэмахуэ... ЩыгуитI зиIэ а Iуащхьэ уардэм япэ дыдэу дэкIащ адыгэлI Хьэшыр Чылар. 1829 гъэм къэхъуа а Iуэхугъуэр илъэси 150-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ медаль къыдагъэкIащ.**

НЭГЪУЭЩI медали къыдэкIащ а махуэм и щIыхькIэ. Абы тетщ Кавказым и къэхутакIуэ-щIэныгъэлI, дзэ топограф икIи альпинист Пастухов А.В.

Мис иджыри нэгъуэщI зы фэеплъ-медаль. Абы и IуплъапIэ лъэныкъуэм тетщ бгылъэ теплъэ, мыпхуэдэу теткъауэ: «Iуащхьэмахуэ лъапэ, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР», и щIыбагъ лъэныкъуэмкIэ мы усэр тетхащ:

**Гъунапкъэншэщ, уардэщ икIи нахуэщ**
**Къуршыжьхэм я дамыгъэр.**

Iуащхьэмахуэ теухуа медалхэр, дамыгъэхэр, тхыгъэхэр зэхуихьэсащ Ставрополым щыпсэу краевед Виноградов Б.С. Абы и фэтэр мыиныр музей дыдэ ищIащ.

*«Труд» газет. 1977 гъэ, мэлыжьыхьым и 13.*

* * *

**1829 гъэм цIыху япэ дыдэу теуващ Iуащхьэмахуэ и щыгум. Псыхуабэ щызэхуагъэса цIыху миным ящыщу щыгум нэсыфар адыгэлI гъуэгугъэлъагъуэ Хьэшыр Чыларщ.**

ПСЫХУАБЭДЭСХЭМ зыубгъуауэ ягъэлъэпIащ Iуащхьэмахуэ теухуа а махуэр - «Лермонтовым и унэ» музейм щызэхэтащ абы ехьэлIа пщыхьэщхьэ. А Iуэхугъуэр илъэси 150-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ, альпинист гупышхуэ хэту, альпиниадэ екIуэкIащ. Iуащхьэмахуэ дэкIахэм яхэтащ ди къэралым и альпинистхэм я гъусэу США-м, Австрием, Чехословакием, Польшэм, Германием я спортсменхэри. Iуащхьэмахуэ и щыгум трагъэуващ Псыхуабэ фэеплъ дамыгъэхэр.

*«Советская торговля» газет 1972 гъэ, фокIадэм и 4.*

* * *

**Мы махуэхэм альпинистхэм загъэхьэзыр Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм дэкIыну.**

- ДЭ зыдогъэхьэзыр Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу цIыху зэрыдэкIрэ илъэси 150-рэ зэрырикъур дгъэлъэпIэну, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м АльпинизмэмкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Залиханов Хъусейн. А махуэм и щIыхькIэ Iуащхьэмахуэ дэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху 1.500-рэ, ди къэралым, нэгъуэщI къэралхэм я альпинистхэр. А IуэхугъуэмкIэ дэ догъэлъапIэ Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIа адыгэлIри - Хьэшыр Чылар.

*«Известия» газет. 1974 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 12.*

## Хьэшыр Чылар теухуа усэхэр

### Адыгэпсэм и хъуэпсапIэ

**Iуащхьэмахуэ ди хэку лъапсэщ,**
**Адыгэпсэм и хъуэпсапIэщ.**
**ЛъагапIэм щIэхъуэпсхэр**
**Нобэ дызэгъусэщ.**
**Нэбакъуэ, си къуэш,**
**Хъунукъым уезэш.**
**Дяпэ итщ Чылар,**
**Щапхъэ дэ тхуэхъуар.**
**Нэбакъуэ, си къуэш,**
**Хъунукъым уезэш.**
**Мылым нэр топщIыкIыр,**
**Хьэуар къомэщIэкIыр**
**КIуэм и гъуэгур хощIыр,**
**ЛIыгъэм бгыр лъэгу ещIыр.**
**Нэбакъуэ, си къуэш,**
**Хъунукъым уезэш.**

ЩОДЖЭН Леонид.

### Зы лъэбакъуэ закъуэ

**Ар гъащIэ лъабжьэм**
**къыщалъхуами,**
**Нэсыфырт псэкIэ мурад щыгу...**
**Иджы фIэкIа къыхуимыхуами,**
**Зыпыхьа Iуэхур ирихьт игу.**

**«Уэ Iуащхьэмахуэ дыдэпшыфым,**
**Сыт пхуэдмыщIэну къэбгъуэтын.**
**Уи IитIкIэ щэкIыу къэпIэтыфым**
**ЩIыгъужу ахъши дэ уэттынщ...»**

**Чылар и пащIэ щIэгуфIыкIырт:**
**"Мы зиусхьэнхэр хъуаи жумартI.**
**И псалъэм тетт а лIыр темыкIыу.**
**Апхуэдэут ар зэрагъэсар.**

**И хэку и щIыхьыр къиIэтыну**
**ЩIэхъуэпсми, ар хузэфIэмыкIт.**
**Иджы шынэжу къикIуэтыну**
**Зи гугъэр хъунщ а гугъэм пыкI.**

**Ар кIуэнщ куэд щIауэ и**
**гур здэплъэм...**

**И лъэпкъ ипIауэ лIыкъэ ар!**
**Гъуэгу щытехьэнум**
**пIащIэу пэплъэу,**
**Махуищу махуэр ибжт Чылар.**

**Щымыгъ къилъыхъуэуи хэтакъым:**
**Джэдыгур хуабэщ, хуабэщ лъейр.**
**Мэлыфэ пыIэр ихъуэжакъым -**
**Бащлъыкъ фIишыхьмэ,**
**Iуэхукъым уейр.**

**«Ахъшэшхуэ», жаIэ. Нэпсеигъэм**
**Срихужьауэ, пэжщ, къафIощI.**
**СылъэIэсамэ сщIа си гугъэм,**
**ЩIэстынт, сиIамэ, сом мин тIощI.**

**СыкIуэнщ, сыкIуэнщ, си гъуэгур**
**гугъуми!**
**Гугъуехь сыт хуэдэри сшэчынщ.**
**Лъэбакъуэ закъуэ фIэкI**
**нэхъ мыхъуми,**
**Сэ Iуащхьэмахуэ щыгу щысчынщ!**

КЪАГЪЫРМЭС Борис,
*КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ.*




● Сабийхэм жаIэ

### ЖысIэну хъуар жаIакIэщ...

ЕджакIуиплI дерсым къыкIэрыхуати, абы и щхьэусыгъуэмкIэ егъэджакIуэр еупщIырт.

- Ди сыхьэтыр къэувыIати, сыкъыкIэрыхуащ, - жиIащ зым.

- Сэ хущхъуэхьэ сагъэкIуати, сыгуващ, - жиIащ етIуанэм.

- Сэ си шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIур садым сшати... - жиIащ ещанэм.

ЕплIанэм деж чэзур къыщысым, хъыджэбз цIыкIур къэгъащ.

- Щхьэ угърэ? Сыт уэ къытхуэбгупсысынур?

- Сэ жысIэну хъуар жаIакIэщи, согъ...

### Мис ращ-тIэ...

ЩIалэ цIыкIур автобусым ису макIуэ. Абы зы лIыжь къыщхьэщытщ. Зыкъомрэ кIуа нэужь, ар лIыжьым йопщI:

- Дадэ, уи лъакъуэр узрэ?

- Iей дыдэу мэуз, си щIалэ цIыкIу.

ТIэкIу докIри, аргуэру йоупщI:

- Дадэ, уэ ущыцIыкIум щыгъуэ укъэтэджурэ нэхъыжьхэм тIысыпIэ ептрэт?

- Ахьей, естрэт!

- Мис ращ-тIэ уи лъакъуэр щIэузыр!

### ЩыпщIэн щыIэкъым

Къуэр еджапIэм къокIыжри, и адэм зыхуегъазэ:

- Папэ, си егъэджакIуэм уриджащ.

- Сыт щхьэкIэ?

- Щхьэгъубжэр скъутати...

Адэр еджапIэм кIуащ.

ЕтIуанэ махуэм:

- Папэ, иджыри зэ унэкIуэн хуейуэ жиIащ егъэджакIуэм. ХимиемкIэ лабораторэм мафIэ щIэздзащ...

Ещанэ махуэм:

- Папэ унэмыкIуэу мыхъуну жиIащ егъэджакIуэм...

- Сешащ. Зэи сынэкIуэнукъым дяпэкIэ.

- НэхъыфIщ, щыпщIэн щыIэкъым а школ ныкъуэкъутэм!

**ЛЫХЬ Людмилэ.**

● Теплъэгъуэхэр



**«Синдикэ» хьэщIэщыр.**
*Сурэтыр* **ГъукIакъуэ Инал** *трихащ.*

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

### ХъынкIэл

Гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIам и кур кумб ящI, абы шэ, джэдыкIэ, шыгъу зэхэлъу иракIэри, быдэ хъуху япщ, хъыдан тепIауэ дакъикъэ 20 - 25-кIэ щагъэт, щабэ ящIын щхьэкIэ.

ИтIанэ тхьэвыр Iыхьэ-Iыхьэу зэпаупщI, Iэнэм хьэжыгъэ тракIутэри, 1 мм и Iувагъыу, хуэплIимэу яху, тебэм иралъхьэри, мафIэм тету ягъэжэпхъ. Ахэр плIы-тхууэ зэтралъхьэри мм 4 - 5 и бгъуагъыу аргуэру зэпаупщI. Абы иужькIэ шыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэм хакIутэри, зэIащIэурэ хьэзыр хъуху, дакъикъи 2 - 3-кIэ, ягъавэ. ХъынкIэл вар и щIыIум къыдредзей, ар чымчыркIэ къыхах, кхъузанэм иралъхьэри, псы гъэва упщIыIужа щIагъэж.

Iэнэм фалъэкIэ трагъэувэ, шху, шатэ, бжьыныху уба, шыбжий сыр хьэжа, шыгъу зэхэщIа щIакIэ. Зыри щIымыгъуу щIыIэу яшх. Щашх хабзэр гъэмахуэ шылэрщ.

*Халъхьэхэр:* гуэдз хьэжыгъэу - г 200, шэуэ - г 65, джэдыкIэу - г 40, шатэу - г 50, бжьыныхуу - г 5, шыбжий плъыжьу - 1 гр, шхууэ - г 200, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

### Ху махъсымэ

Хугур зэхадз, фIыуэ ялъэс, псы къэкъуалъэм хакIутэри хэтIэтIэху ягъавэ. ИтIанэ шыуаныр мафIэм къытрахри, градус 25 - 30 хъуху ягъэупщIыIу.

ПIастэ упщIыIуар шынакъ мыулъийм иралъхьэ, абы зи хуабагъыр градус 30 - 40 хъу шкIэплъыпс гъэва хакIэ, зэхащIэ, гуэдз хуэнщIей къабзэ хакIутэ, псы хуабэкIэ зэхащIа пщагъэ хакIэ, фошыгъу кIанэ халъхьэри аргуэру зэIащIэ, хуабапIэ ягъэувэри, къэвэн щхьэкIэ махуэ зытхухкIэ щагъэт

Абы иужькIэ курыбэр бинт тIууащIэкIэ яз, кхъуэщынышхуэм иракIэ, аргуэру махуищплIыкIэ щагъэтыжри, махъсымэр хьэзыр мэхъу. Ар и щхьэр гъэбыдауэ щIыIапIэм щытын хуейщ. Нэхъыбэрэ щытыху, нэхъ гуащIэ хъунущ. Махъсымэр нэхъ щрафыр лыхэкI яшха иужьщ.

*Халъхьэхэр:* хугу - г 1500, ар зэрагъавэ псыуэ - л 15, шкIэплъыпсу - л 20, хуэнщIейуэ - г 500, пщагъэу - г 1000, фошыгъуу - г 1000.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● ЖыIэгъуэхэр

## Уи макъым зебгъэIэтыху - уи пщIэр къолъэхъшэх

**♦Акъылкlэ пlыщlам и гур мафlэм зэи кърисыкlынукъым.**

**♦Губзыгъафэ зытебгъэуэху уи ахьмакъыгъэр нэхъ наlуэ мэхъу.**

**♦Гум фlэфl псор нэм илъагъумэ, щхьэр мэуназэ.**

**♦Гурэ псэкlэ узыбгъэдэмыт lуэхур - уи lуэхукъым, ауэ... щхьэгъэпцlэж хъарзынэщ.**

**♦Гъащlэ прозэр, псэм и поэзиер къыдимыгъэплъыжу, тепщэ хъуащи, уафэм хъыринэ ущещlэну бэуэгъуэ-напlэзыпlэ бгъуэтыжыркъым.**

**♦Дахэм уеплъыну нэхъ гуакlуэщи, губзыгъэм удэпсэуну нэхъ тыншщ.**

**♦Дэтхэнэ цlыхури щlэбубын щхьэусыгъуэ бгъуэтынущ, псом хуэмыдэу ар зыгуэркlэ къофlэкlмэ.**

**♦Дунейм тепхlа хъууэ щытамэ, псы зэрырагъэжыхьыжрэ нейзэмант!**

**♦Зэрымылъ пэ лъагэм тlэкlу щытхъужи - букlыпащ!**

**♦Иджыри къэс фlым ущыщыгугъакlэ, куэд щlауэ lейм уесэжакlэщ.**

**♦Къыптралъхьэр уи хьэлъэмэ, къыпхуэтыжыр тхьэкlумэшхуэщ!**

**♦Псори цlыхуфlщ, lуэхутхьэбзэкlэ хыумыгъэзыхь закъуэ.**

**♦Уэ пфlэделэхэм уи мыгугъэ уафlэгубзыгъэу.**

**♦Уи макъым зебгъэlэтыху - уи пщlэр къолъэхъшэх.**

**♦Цlыхур щыкlыгъуафlэщ: зыхуейуэ хъуар ептмэ, зыхумейуэ щытами щlэупщlэнущ.**

**♦Щхьэж и lуэхущlафэр и псэм и сурэтщ.**

**ХЬЭТУ Пётр.**

● Гурылъ темыпыIэхэр

## Си псэр щхьэузыхь пхузощI

КъакIуэ, си псэ! Щхьэ укъыщыувыIэжа мы лъагапIэм и лъабжьэм? КъакIуэ. Сэ вагъуэхэр къыстелъалъэу мыбдежым сыщIыщытыр уэ сыножьэри аращ. КъакIуэ, къыдэкIуей, щхьэ укъызэплъу ущыт? Сэ акъужьыр си щIакIуэу лъагапIэм сыщIытетыр уэ укъэслъыхъуэу аращ. Къежьэ, си Iэр нэшиящ. Уагъэшынауэ ара къыстелъалъэ вагъуэхэм я нурым? КъыдэкIуей, умышынэ, къызэт уи Iэпэр. Сэ пщыхьэщхьэм сурчгъусэу мыбдежым сыщIыщытыр уи зы Iуплъэгъуэщ. КъакIуэ, къыдэкIуей! КъыхэбэкъукI зы дакъикъэ закъуэ щIылъэ гъащIэми, лъагагъэм уи гум зыщегъэукъуэдий, вагъуэбэр зэгъэдэхащIэ. Сэ ныщхьэбэ лъагапIэм сыкъыщIыдэкIуеяр си гухэлъ къабзэр уэрэдкIэ пхуэсIуэтэну аращ...

* * *

I

Къуажапщэм къыщыдыхьауэ къуажэкIэмкIэ къехырт псоми елъэIуу: «Уэрэдыншэу сыкъэнащи, кхъыIэ, зы уэрэд, жылэ, къызэфт», - жиIэу. Ди деж къыщысым, Ар си уэрэдым ди пщIантIэм къыдишэри, чысэ хэдыкIа дахащэ цIыкIу къысхуишиящ вагъуэбэ нур зэщIэблэзэщIэпщIыпщIэкIэ гъэщIэрэщIарэ, гъащIэ насыпкIэ гъэнщIауэ...

II

Уэ къызэптащ уи псэм и гъусэу си псэр зыщысхъумэн чысэ хэдыкIа дахэ цIыкIу. Иджы пщыхьэщхьэкIэ си псэр абы дызолъхьэри IэфIу сожеиж, си псэр уи псэм и гъусэу а зы чысэ хэдыкIам зэрыдэлъыр сщIэуэ.

Сытым хуэдиз гуфIэгъуэ къысхуихьрэ сэ абы! Си щхьэр а чысэ дахэ цIыкIум теслъхьэмэ, си гур мэгуфIэ, си гукъыдэжыр Iуащхьэмахуэ йохьэйохуэ, щабэу Iэ дэслъэмэ, гуфIэгъуэ хэмыкIыж сохъу.

Зы пщэдджыжь дэкIыркъым а ди чысэм удз дахащэхэр къыщымыгъагъэу. Зы пщэдджыжьи думыгъэкIыу уэ абыхэм я нэхъ дахэхэр къипчурэ си пащхьэ къолъхьэ, я мэ гуакIуэмкIэ махуэщIэм сыхыбошэ.

Сэ пщыхьэщхьэкIэ си псэр аргуэру гъащIэ насыпыр щысхъумэ чысэм изолъхьэж си жэщыр пщIыхьыншэу согъакIуэ, махуэщIэр аргуэру епэрхэм я мэ гуакIуэхэмкIэ къысIуощIэ. А псори зи фIыщIэр уэращи - си псэр щхьэузыхь пхузощI.

* * *

- Сыт апхуэдизу къэплъыхъуэр? Махуэ псом умыувыIэу удз гъэгъахэр щIыбопщытыкI, уи нэм дунейр зи инагъыр къеплъыхь, жэщ хъуамэ, вагъуэхэм фIэкIа Iуэху уиIэкъым, «Мыбы нэхърэ мор нэхъ дахэжщ», - жыпIэу. Сыт апхуэдизу къэплъыхъуэр?

- ЦIыхум и гум нэхърэ нэхъ дахэж къэслъыхъуэу аращ сэ махуэ блэкIам апхуэдизу сыщIыкIэлъыплъыжыр, жэщ къэблагъэм схуэмышэчыжу сыщIежьэр.

- АтIэ уэ узылъыхъуэр къэбгъуэтрэ?

- Плъагъукъэ, солъыхъуэ. А лъыхъуэныгъэм къысхуихь гуфIэгъуэм къыхызощыпыкI зы кIэух дахагъэрэ а кIэухым и пэщIэдзэ дахагъэмри, тIури зэпызогъэувэжри, махуэм и пэщIэдзэмрэ жэщым и кIэухымрэ изогъапщэ. А псоми я кIэух дахагъэр цIыхум и гум щызэхуэхьэсауэ щытмэ, цIыхум игури а дахагъэм пызыщэщ. Аращ щIэмычэу щIыгури уэгури щIыщIэспщытыкIыр.

* * *

- Сыт фэ уэздыгъэ нэхум фыщIэлъатэр, хьэндырабгъуэ цIыкIухэ, а нурым фызэрисынур фщIэркъэ?!

- ДощIэ псори фIы дыдэу, ауэ кIыфIыгъэр апхуэдизу къыттехьэлъащи, нурым напIэзыпIэм ухисхьэми нэхъыфIщ, кIыфIыгъэм ухэту илъэсищэ къэбгъащIэ нэхърэ

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн.**

● Къуажэхьхэр

## Ди къуршыжьхэм я нэхъыжь

Уэгум къех,
ЩIыгум хыхьэ.

Лъэпкъым ихъумэ,
Лъэпкъыр къэзыхъумэ.

Iэщхэр щызэблэкI,
Хъун бэв къащыхуэкI.

Аргъуейр щыбагъуэ,
Къамыл бэгъуапIэ.

Уафэм щыхъуаскIэ,
ЩIылъэр къэзыгъаскIэ.

Гъэмахуэм удзыфэ,

Бжьыхьэм гъуэжьыфэ,
ЩIымахуэм хужьыфэ.

Гъэми щIыми пыIэ
хужь,
Ди къуршыжьхэм
я нэхъыжь.

ЖЭУАПХЭР:

*Уэшх. Хэку. Хъупlэ. Шэд. Щыблэ. Щlылъэ. Іуащхьэмахуэ.*

*Зэхэзылъхьар*
**ЩОДЖЭН Леонидщ.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Къэрмокъуэ Мухьэмэд и роман. Е цIыхухъуцIэ. **7**. Яхуэмылажьэ бжьэхъушхуэ. **8**. ХадэхэкI. **11**. Хуэмыху, лэжьэн зи жагъуэ. **14**. Къуапищ зиIэ тхылъымпIэ е хьэпшып, Iэмэпсымэ гуэр. **15**. ГушыIэр ... и щIасэщ. **16**. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и уэрэджыIакIуэ Iэзэ ... ФатIимэ. **18**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ. **19**. ЩIы щхьэфэ тещтыкIа. **22**. Iэщ цIыкIу щIэжьей. **24**. Адыгэ псалъэжьыым зэрыжиIэмкIэ, ар нэм хуэдэщ. **25**. Бжэныфэм къыхэщIыкIа къэп. **26**. ХадэхэкI. **27**. Зи щхьэгъусэм къыбгъэдэкIыжа цIыхубз. **28**. Фадэ гуащIэ. **31**. IэщIэвыщIэ. **32**. Пхъэм къыхэщIыкIа бжэмышхышхуэ. **33**. ХакIуитI зы ... щIэзагъэркъым. **34**. ЗыкъызыфIэщIыж, зи дахагъэр зи напщIэ телъ. **36**. Iужажэм и унафэщIым ... трегъэлъадэ. **39**. Гукъеуэ зиIэр псалъалэщи, бэгу зиIэр ... **42**. ЩIы къиуда. **43**. Мывэгъэзэгъ цIыху. **44**. Пщым и блыгущIэт, дэIэпыкъуэгъуу къыздришэкI цIыху.

***Къехыу:*** **1**. Кхъухьлъатэзехуэу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **2**. Лэжьыгъэ IуэхукIэ хамэ къалэ кIуа цIыхур къыщыувыIэ хабзэ унэ. **3**. Гъэм и зэман. **4**. Зым хуэмыфI хьэдрыхэ ... **6**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **9**. ... тесу псым йопыдж. **10**. ... куцIрэ фо цIынэкIэ япIащ щIалэр. **12**. Пхъэ иризэгуаудын папщIэ къагъэсэбэп гъущI - и кIапэ лъэныкъуэр упIэщIауэ. **13**. Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызыгъэлъэгъуа адыгэ тхакIуэ. **17**. Удзыжь дэжей... **20**. Египетым адыгэхэр зэреджэ. **21**. КъэгъэшыгъуафIэ. **22**. МахуэцIэ. **23**. Пэжи пцIыи, цIыхур а псэущхьэм къытепщIыкIауэ жаIэ. **29**. ... пыIэ. **30**. ЕджакIуэхэм къуалэбзухэм папщIэ ... ящIащ. **34**. Колхоз тхьэмадэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **35**. Щхъухь. **37**. Ди гъунэгъум мэл ... иIэщ. **38**. Африкэм щыIэ къэрал нэхъ кълейсызхэм ящыщ. **39**. Филологие щIэныгъэхэм я доктор, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ университетым и егъэджакIуэ, журналист. **48**. Зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуа щIалэм и ... кIуэгъуэщ. **41**. Нарт лIыхъужь.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



### Бадзэуэгъуэм и 13-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Шыпсэ. **6**. Жагъын. **9**. ЛIыхъужь. **10**. Шей. **12**. Джэду. **15**. Назир. **16**. Пыпхэ. **17**. Пыжь. **18**. Набжэ. **20**. Бжьэ. **23**. Дэхъу. **24**. Бей. **25**. Жьым. **28**. Лал. **29**. Чэтэн. **31**. Уэх. **32**. Сабыр. **34**. Джэдыгу. **35**. Еплъи. **37**. Без. **39**. Перу. **41**. Апэсы. **42**. Лэрыгъу.

***Къехыу:*** **1**. Сытхъу. **2**. Хьэрш. **3**. Бжей. **4**. КIытэ. **7**. ПлIанэпэ. **8**. Мухьэрэб. **11**. Еру. **13**. Ерэн. **14**. IупщIэ. **19**. Брест. **21**. Пхъужь. **22**. Бжьо. **26**. Елисеев. **27**. Яхэгуауэ. **29**. Чырэ. **30**. Ныджэ. **33**. Уае. **36**. Лъэпщ. **37**. Бжыхь. **38**. Залэ. **40**. Ерыщ

● Гупсысэр - псалъэкIэ

## Насыпыр здэгъэзар

Гур Насып лъыхъуэ ежьауэ Мылъкум IущIащ. ЦIыкIут Мылъкур, ауэ къыхуэгуфIэрт, къехуэбылIэрт, зэIэпишэрт. ЛъаIуэрт, ар япэ къиштэну, нэхъ ин къэхъумэ, тIури зэщIыгъуу Насыпым и лъыхъуакIуэ ежьэнуи къигъэгугъэрт. Арати, Гум къыкIэрыпщIащ Мылъкур.

Зэманыр кIуэтэху мылъкур нэхъ ин хъурт, ауэ Гур иутIыпщыну и пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым: Гу куэщIым имызэгъэжу гущхьэм дэпщейрт, гу къуэпсхэр ишэщIырт. Гуми «ин хъуащ« жиIэу иутIыпщыфыртэкъым, уеблэмэ, Мылъкур нэхъ ин хъухукIэ, Гур нэхъри кIэрыпщIэрт, мышхэмыжейуэ кIэлъыплъырт, тегужьеикIауэ худэплъейуэ... Аурэ Мылъкур бэгъуащ. АпхуэдизкIэ ин хъуати, Гум и закъуэ къехьэлъэкIырт иIыгъыну: куэщIым пхуисыртэкъым, щхьэр иригъэшат. Ари фIэмащIэу «сыIэт!» жиIэу кIийрт, зихъунщIэт, щIыкIэншэу зищIт. Гум къытехьэлъи хъуат, ауэ - хуэутIыпщыртэкъым, атIэ, нэхъыфIыжу илъагъурт, ар хэхъуэн папщIэ, щхьэми ебэкъуэну хьэзырт.

Псэр къеущиет Гум: «Зумыгъэунэхъуж! Дэри думыгъэунэхъу! ХуэныкъуэIамэ ят!», арщхьэкIэ ауэ и тхьэкIуми иригъэхьэртэкъым. Псэм теувэурэ иригухырт, и жьэр зэщIригъэпIэну. Мылъкур хэхъуэрт. Гум лъыр къыхуемыхуэкIыж хъуат. Щымыхъужыххэм, Гур ЦIыхугъэм елъэIуащ къыдиIыгъыну Мылъкур. Къызэригъэделари къыгурымыIуэжыщэу, ЦIыхугъэр арэзы хъуащ. Мылъкум и лъакъуэ лъэныкъуэр тетт иджы ЦIыхугъэм, адрейр - Гум. ГущыкIыгъуэу дыхьэшхырт, жиIэу хъуар яригъащIэрт. Зэманыр кIуэтэху нэхъыбэ хъурт Мылъкур, нэхъыбэ хъуххукIэ нэхъ щыкIт. Гури ЦIыхугъэри абы фIэкIа Iуэху ямыIэжу къэнат. «Сыдэфхьей уафэм!» - жиIэу кIийрт, гуоурт Мылъкур. АрщхьэкIэ, зи къуэпсхэр ныкъуэгъу хъуа Гумрэ, зыри зымылъагъуж ЦIыхугъэмрэ ялъэкIакъым.

Щымыхъужыххэм, Гум Напэм зыхуигъэзащ закъыщIигъэкъуэну елъэIуу, арщхьэкIэ, Напэм ар и мыIуэхуу жиIащ. «Зы махуэ закъуэ Мылъкум хухэхи, адэкIэ сыти щIэ!» - лъаIуэрт Гур. Куэдрэ чэнджэщами, Напэр арэзы хъуащ. Тетт иджы Мылъку бэгъуар зы лъакъуэкIэ Гум, адреймкIэ - ЦIыхугъэм, и IэбжьанипщIри Напэм хэукIат. ЯIэтырт зэрахузэфIэкIкIэ, ауэ здыхуейм нахьэсыфыртэкъым. «Напэр флъэгъуа?», «ЦIыхугъэр-щэ? » - жаIэу къалъыхъуэ щхьэкIэ ягъуэтыжыртэкъым.

Псэр къыпыгъыкIыу къуэгъэнапIэм къуэст. Илъагъурт абы Гури, ЦIыхугъэри, Напэри зэрыщымыIэжыр, пхъэдакъэжь папщIэу мылъкущIэгъэкъуэну къызэрынахэр. Иджы Мылъкур уэгум итт Псэм къыхуеплъэкIыу, зыкъыхуигъафIэрэ къеубзэу. Ауэ - псэм и плъапIэр нэгъуэщIт: аддэ щIылъэм, удзыпцIэм хэту гуфIэжу къыщикIухьырт Насыпым, абыхэм къапэплъэу, псынэпсым зыхигъэпскIыхьрэ дыгъэ нэпскIэ зигъэгъущыжу, сабийхэм ядэджэгурэ жьыкIэфэкIэхэм ядэIэпыкъуу, нур зэбгритыкIрэ иугуэшами щIэмыупщIэжу...

**ШОРЭ Маринэ.**

● Псалъэжьхэр

## Iущыр щэ мэчэнджащэ

**♦Хьэ закъуэрэ лIы закъуэрэ уатемыгушхуэ.**

**♦ХьэщIэм насып къыдокIуэ.**

**♦ЦIыхугъэншэм удэпсэу нэхърэ цIыхугъэ зиIэм удэкIуэд.**

**♦ЦIыхуфI и тхьэкIумэ дэгущ.**

**♦ЩыкI и кIапэр хьэм печ.**

**Iущыр щэ мэчэнджащэ.**

**♦Акъыл зиIэм жагъуэгъу и куэдщ.**

**♦ЗымыщIэф унафэ щIынкIэ ерыщщ.**

**♦Удым и удыгъэр япэ ирегъэщ.**

**♦Благъэ жыжьэ нэхърэ гъунэгъуфI.**

**♦Гуащэм и хабзэр нысэм и бзыпхъэщ.**

**♦ГъунэгъуфI къуэшыфI пэлъытэщ.**

**♦Зи дзэлыфэ къыпхуэзытI псори ныбжьэгъукъым.**

**♦Уи благъэ и унащхьэ плъагъуу ублэмыкI.**

**♦Бзэгур шэм нэхърэ нэхъ жэрщ.**

## Гупсысэ дахэм ухуагъэуш

● ТхылъыщIэ




**УсакIуэ Семэн Руслан къызэралъхурэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Где бы мы не встретились...» и IэдакъэщIэкIыр. Ар дунейм къытригъэхьащ усакIуэм и шыпхъу, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор Семэн Жаннэ.**

ТХЫЛЪЫМ щызэхуэхьэсащ езы усакIуэр лIыхъужь нэхъыщхьэу «къызыхэпсэлъыкI», и гурыгъу-гурыщIэхэр щызыхэпщIэ усыгъэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и псэм и «сурэтыр» къытощ. Шэч хэмылъуи, арагъэнщ ахэр гум ехуэбылIэу, гупсысэ дахэм ухуагъэушу щIыщытри.

«Свобода, Поэзия, Любовь. Глубинней этих синонимов - не знаю». Апхуэдэ жыIэгъуэ иIэщ Семэн Руслан. УсакIуэм и шыпхъум тхылъым и пэублэ псалъэм зэрыщыжиIэмкIэ, Хуитыныгъэм, Усыгъэм, Лъагъуныгъэм абы и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щигъэзащIэрт. «Куэдрэ зи гугъу пщIа, фIыуэ узыщыгъуазэ икIи къызэрыгуэкI Iуэхухэм я мыхьэнэ дыдэр къыщыбгурыIуэм деж щытыкIэ гъэщIэгъуэным укъохутэ, - етх Жаннэ. - Сэ згъэунэхуащ ар! КъызгурыIуащ Усыгъэр, Хуитыныгъэрэ Лъагъуныгъэрэ имыIэу зэрыщымыIэфынур; Хуитыныгъэр ар Усыгъэу икIи Лъагъуныгъэу къызэрыкIуэр; Лъагъуныгъэр Хуитыныгъэмрэ Усыгъэмрэ и Iэпэгъуу къызэрыкIуэр! Руслан и усэхэм а щыри щызэхэухуэнащ «псэм и макъ» къагъэIуу».

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**



Адыгэл1 ерыщ Хьэшыр Чылар.
*Сурэтыр* **Гусаченкэ Николай** *ищ1ащ. 1957 гъэ*

**Iуащхьэмахуэ бгым и ищхъэрэ лъэныкъуэм и теплъэр**
**Хы курытым и щхьэфэм щегъэжьауэ урыс фут 16330-рэ и лъагагъщ**

**а) къэбэрдей Чылар - фут 16330-рэ**

**в) зиусхьэн Ленц - фут 15693-рэ**

**с) зиусхьэнхэу Купфер, Менетрие, Майер Бернардацци - фут 14427-рэ**

**Зэрилъагъум хуэдэу, мэкъуауэгъуэм и 21-м сурэтыр ищIащ**
**бригадэм и прапорщик Горшков Александр**




# ЛъэпкъылI

*Хьэшыр Чылар и фэеплъу*

**Зы лIэщIыгъуэм пхылыдыкIрэ лIыгъэр**
**Лъэпкъым и гум ехуэбылIэфам,**
**УнкIыфIыжкъым мис апхуэдэ лIыгъэр**
**ЛIэщIыгъуищэ къигъэщIам.**

**Ар и щапхъэщ нобэ лIыгъэ зыщIэм.**
**КIуэцIылъыжу лIым хуэфащэ лIыгу**
**(Къегъэзэжри шынэр зыхэзыщIэм)**
**ЗылI дэкIакъэ Iуащхьэмахуэ щыгу!**

**Бгы гуэуауэ, къикIуэтакъым лIыр,**
**Щыгум и лъэр щынихьэсым япэу,**
**Игъэщтакъым щIыIэм щIэта лъыр,**
**ЛIым и гъащIэр пызолъытыр напэм.**

**Ар ерыщу щыгум щытехьам,**
**Жьыр къеубзэрт и нэкIущхьэ плъам.**
**Пшэм, шхыIэну, лIыгъэ зезыхьам**
**ЗришэкIырт, хуэдэу ар пIыщIам.**

**Iуащхьэмахуэ и мыл пыIэ къащхъуэу**
**Хущхьэрихри, зигъэщхъат лъэкIам –**
**Уэгу фэеплъу езыр а лIы щыпкъэр**
**А и пыIэм уардэу темытам...**

БРАЙ Адэлбий.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык кх., Ленинымрэ уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.966
Заказ №645